Департамент образования Мэрии г. Грозного
Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение
«Средняя общеобразовательная школа № 31» г. Грозного
(МБОУ «СОШ № 31» г. Грозного)

Соьлжа-ГIалин Мэрин дешаран Департамент
Соьлжа-Г1алин муниципальни бюджетни йукъардешаран хьукмат
Соьлжа-Г1алин «Йуккъера йукъардешаран школа № 31»
(Соьлжа-Г1алин МБЙХь «ЙЙШ № 31»)

ВЫПИСКА ИЗ ОСНОВНОЙ ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЙ ПРОГРАММЫ
ОСНОВНОГО ОБЩЕГО ОБРАЗОВАНИЯ (ООП ООО)

РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

(ID:17135167)

учебного предмета «Родная (чеченская) литература»

Уровень общего образования: среднее общее образование

(11 класс)

Составитель: Дадаева М.М.-
учитель чеченского языка и литературы

п. Шейха-Изнаура Несерхоева, 2023 г.

1.ДОВЗИЙТАРАН КЕХАТ

Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт а, Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а бу, цу бахьано хьелаш кхуллу цуьнан Іалашбаран а, кхиоран эшар. 5-9 классашкахь «Ненан мотт а, ненан меттан литература а» предметан декъахь хьоьхуш йу ненан (нохчийн) меттан литература санна, иза хьажийна йу дешархойн интеллектуале-довзаран, коммуникативе, исбаьхьаллин-эстетикин похІмаш кхио а, коьрта гІиллакхе-этикин кхетам кхолла а, личностана нохчийн къоман культура марзйан а.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет – иза беран интеллектуале а, гІиллакхе-этикин а кхиаран тІегІа къастаден гуманитарни дешарх коьрта предмет йу. Литературин дешаро аьтто бо йешаран маьІна а девзаш, литература Іаморо шегахь къонахчун амал кхиайой а хууш, шен дуьненхьежамна дашца а, йозанца а бух бало а хууш, адамца а, йукъараллица а йаза хууш йолу кхетаме личность кхио.

Программо чулоцу кхеторан кехат а, предмет карайерзоран кхочушдан лору жамІаш а, предметан чулацам а, программин хІора дакъа карадерзо билгалдаьхначу сахьташца йолу тематикин планировани а, урокал арахьарчу гІуллакхдаран план а.

«НЕНАН (НОХЧИЙН)ЛИТЕРАТУРИН» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЙУКЪАРА ХАРАКТЕРИСТИКА

Литература уггар эвсаре гІирс бу шен кхачаме стаг хила (ша шен кхето, ша шен кхио), гонахьарчу хиламийн хьелашца тарвала, иштта кхолларалли жигараллин стимулятор а йу.

Ненан меттан литература Іаморо дІалоцу личность кхиоран процессехь коьрта меттиг, иштта Іаморо аьтто бо цуьнгахь къонахалла, гІиллакхе амал, кхолларалли похІма кхиорехь, нохчийн халкъан дахаран философи йовзарехь а, карайерзорехь а, иштта доккха гІо до къоначу тІаьхьене къоман исторически зераш дІакховдорехь а. Билггал йолу Іалашонаш кхочушйаран дешаран материал вовшахтоьхна гуманизман критерешца, исбаьхьаллин а, довзаран а мехаллашца, пайдаэцархьама тІекхача йиш хиларца, актуале хиларца, поликультурица, ламасталлин классика а, вайзаманан литература а цхьаьнайарца, тематикин а, жанрийн тайпа башх-башха хиларца догІуш ма-хиллара.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет Іаморо таронаш кхуллу дешархочун дешнийн база шорйан, церан къамелан культура, коммуникативни а, тайп-тайпана культурийн компетенцеш а кхио.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» курсан чулацам хьажийна бу дешархойн нохчийн литературин хьашташ кхочушдан, уьш нохчийн къоман культурина тІекхиарехь а, шеца иза Іалашйарехь а шатайпана эстетикин гІирсаш хиларе терра.

Дешархошна дешар Іамор коьрта долчу декъана оьрсийн маттахь дІахьучу йукъардешаран учрежденешкахь ненан мотт санна нохчийн мотт Іаморехь, нохчийн литература – иза дешаран предмет йу, нохчийн къоман исторех а, культурех а, ламастех а хаарш схьаэца а, довза а таро луш, иштта иза культурин шатайпана йаздархочун кхолларалла толлуш долу дакъа ду, кхечу кепара аьлча, шеца цхьаьна эстетикин гІуллакхдар а долу, йозанан къамелан гІуллакхдар ду; нохчийн литература тІехьажийна йу Іилманан агІонхьара дуьне довзарна а, иштта дешнийн кхолларалли говзарийн мотт бовзарна а, йешаран культурин йукъара башхаллаш карайерзорна а, литературин говзарех кхетарна а, дашца шен амал билгалйаккхарна а, иза, исбаьхьаллин литературас ша-тайпанчу маттахь дуьйций хаийтарх кхетам кхолла а, ткъа литературин мотт йукъарчу меттан шолгІа система санна бу, цо кхуллу личностан синхаамийн дакъа, цуьнгахь ойланца хІуманан кеп хІотто а, ассоциаци йало а, логически ойла йан а, дешаран предмет хьажийна йу оцу дешаран предметехула кхочушхуьлу тІаьхьенера тІаьхьене нохчийн, оьрсийн, дуьненан культурийн оьздангаллин а, эстетикин а ламасташ дІакховдор.

«НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ ІАМОРАН ІАЛАШОНАШ

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет Іаморо кхочушйан йеза рогІера Іалашонаш:

• нохчийн литературехь эстетикин агІонхьара кхеташ болу гуманистически дуьненхьежам, Россин йукъара гражданинан кхетам а, къоман синкхетам а, патриотан дог-ойла а йолуш, дукха къаьмнаш долчу Россин халкъех шен халкъ хиларх дозалла а хеташ йолу амал личностехь кхиор.

• нохчийн литература йовза лааран дог дар кхоллар, нохчийн къоман ширачу заманера схьайогІу культура мехалла хетар кхиор, дешархо шен къоман мотт а, культура а Іаморан кха тІе ваккхар, къоман культурин тІаьхьалонна йукъавалор.

• къоначу тІаьхьенехь дІайахначуй, карарчуй, йогІур йолчуй заманийн уьйр ларйан йезаш хиларан кхетам кхиор а, нохчийн къоман культура ларйарехь жоьпалле хилар кхоллар;

• дукха къаьмнаш долчу Россин пачхьалкхехь личностана кхиаме социализаци а, ша шегахь стогалла кхиорна оьшу интеллектуале а, кхолларалли а таронаш кхиайар.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет тІехьажийна рогІера хьесапаш кхочушдан:

• тІаьхьенера тІаьхьене историко-культурни, оьздангаллин, гІиллакхийн мехаллаш дІакховдоран хьокъехь ненан меттан нохчийн литературин маьІнех кхетар;

• ненан меттан нохчийн литературин историца йолу уьйр къастор, нохчийн литературехь йолу къоман ша-тайпана синъоьздангаллин а, материальни а нохчийн къоман культурин исбаьхьаллин шорталлех кхетам кхоллар;

• Россин Федерацин кхидолчу къаьмнийн литературин контекстехь нохчийн литература а кхуьу хилам санна цунах хаарш эцар; уьш вовшийн эр;

• нохчийн литературина бухе диллина культурин а, оьздангаллин а маьІна билгалдаккхар; йешначун хьокъехь мах хадош а, шена хетарг олуш а барта а, йозанца а къамел дан хаар;

• Іер-дахарехь а, дешаран процессехь а нохчийн литературех пайдаэца хаар кхоллар;

• шен мукъачу хенахь йешарна ханна план хІоттор, нохчийн маттахь шена хазахета йешаран говзарш мехала хетар къастор а, бух балор а;

• нохчийн литературин говзарш системехь йешарца дуьне довза а, дуьненахь ша дІалоцу меттиг къасто а, адаман а, йукъараллин а йукъаметтигаллин гармонизаци латторан а хьашташ кхоллар;

• хаамийн хьостанашца болх бан хаар кхиор, Интернетера а, иштта кхийолчу хьостанашкара хаамашна презентаци йар а, кечйар а.

ДЕШАРАН ПЛАНЕХЬ «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН МЕТТИГ

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предметан программа хІоттийна Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан коьртачу йукъарчу дешаран программи буха тІехь, иза лерина йу дешаран 66 сахьт (11 кл. – 66 с.).

2. «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

Дешаран предметан чулацамо шена йукъалоцу литературин говзарийн а, церан авторийн а гайтар, иштта тематикин блокаш а: «ХХ-чу бІешеран хьалхарчу эхан нохчийн литература», «ХХ-чу бІешеран шолгІачу эхан нохчийн литература», «ХХІ-ра бІешо долалучу муьран нохчийн литература», «Кхечу къаьмнийн литература».

ТЕМАТИКИН БЛОКАШ

11 КЛАСС

Довзийтар

XX -чу бIешеран хьалхарчу эхехь нохчийн литература кхиаран башхаллаш.
XX -чу бIешеран шолг1ачу эхехь нохчийн литература кхиаран башхаллаш.
XXI -чу бIешеран йуьххьехь нохчийн литература кхиар.
Литературин родаш. Исбаьхьаллин васт (художественный образ).
Сюжетах а, композициях а кхетамбалар. Драматурги.

XX-чу бIешеран хьалхарчу эхехь нохчийн литература

Исаева Мареман дахар а, кхолларалла а. «Ирсан орам» романан дакъош.
Айдамиров Абузаран дахар а, кхолларалла а. «Йеха буьйсанаш» роман.
Ахматова Раисин «Хуур дац, кхолламо хIун кечдо вайна…», «Даймахке», «Нене», «Сан йурт» стихотворенеш. «Дагалецамийн новкъа» – автобиографически поэма.
Сулейманов Ахьмадан «Берд», «Дог дохден цIе» стихотворени. «Ламанан хьостанаш», «Батто сагатдо» стихотворенеш.

XX-чу бIешеран шолгIачу эхехь нохчийн литература

Арсанукаев Шайхин «Весет», «Нагахь хьан гIо оьшуш» стихотворенеш. «Гиний шуна?» стихотворени. «Дицдина илли», «Ненан мотт» стихотворенеш. «Кхолламан сизаш» стихашкахь роман. «Нийсонна гимн» стихотворени.
Рашидов Шаидан «Баланах дуьзна дог» стихотворени. «Пондар боьлху» стихотворен. «Аружа» – исторически хиллачийн буха тIехь йазйина поэма.
Гацаев СаьIидан «Йише Маржане», «Хаьий хьуна, Фирдоуси стихотворенеш. «Хатта хьайна Саадига», «Цкъа а дац ойла къуьйлуш» стихотворенеш. «Хийла нохчийн кIант», «БIаьсте хир йу- бIаьсте, бIаьсте!..» стихотворенеш.
Ахмадов Мусан «Нохчийн махкахь, нохчийн маттахь» стихотворени. «Зингатийн барз ма бохабелахь» повесть.
Дикаев Мохьмадан «Нохчийн хIусам», «Стегаг цIе», «Суна лаьа» стихотворенеш
Бексултанов Мусан «Iаьржа бIаьрг», «Хьалхара парта», «Корталин Хантоти» дийцарш.
Шайхиев Iалвадин «Стаг велча, йуьртахь зударий боьлху», «Аса а ма лайна» стихотворенеш. «Дерачу кхолламан кхиэл» – стихашца йазйина повесть.
Алиев ГIапуран «Къонахийн зама», «ХIун лозу хьан, Нохчийчоь?» стихотворенеш. «Къонахе», «ДоIа» стихотворенеш.

XXI-чу бIешеран хьалхарчу шерийн нохчийн литература

Ибрагимов Канта. Роман «Берийн дуьне».

Кхечу къаьмнийн литература

Александр Казбегин «Элиса» повесть
Кулиев Кайсын «Хиндолчунна аьлла байташ», «ТIуьначу лаьттан цинц къуьйлу» стихотворенеш.

3.«НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ КАРАЙЕРЗОРАН КХОЧУШДАН ЛОРУ ЖАМIАШ

Коьртачу школехь «Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет Iамор хьажийна ду дешархой рогIера личностни а, метапредметни а, предметни жамIашка кхачарна.

ЛИЧНОСТНИ ЖАМIАШ

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предметан белхан программин личностни жамIаш коьртачу йукъарчу дешаран тIегIанехь кхочушхуьлу дешаран а, кхетош-кхиоран а болх дешаран организацехь цхьаьна дIабахьарца. Болх дIабахьар кхочушдо Россин социокультурни а, синъоьздангаллин а ламасталлин мехаллашца догIуш ма-хиллара. И мехаллаш йукъараллин бакъонаша къобалйина тIе а эцна, цара аьтто бо шен дуьне довзар а, ша шен кхетош-кхиор а лакхадаккхарехь.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предметан белхан программа карайерзоран личностни жамIаш коьртачу йукъарчу дешаран тIегIанехь декхарийлахь ду дешархошна, дикачу мехаллех пайда а оьцуш, куьйгалла а хилла дIахIитта, шайн гIуллакхдарехь гулдина зераш шордан а, церан буха тIехь кхетош-кхиоран гIуллакхдаран хьежамаш кхолла а, цу йукъахь кху декъахь а:

- **гражданалла кхетош-кхиоран:**

гражданинан декхарш а, цуьнан бакъонаш а кхочушйан кийча хилар, бакъонаш а, машар а, кхечу адаман законан бакъонаш ларар; доьзалан, йукъарчу коьртачу дешаран программаш кхочушйечу дешаран организацин, меттигерчу йукъараллин, хьомсарчу мехкан, пачхьалкхан дахарехь жигара дакъалацар; цхьана а кепара эсктремизм, дискриминаци тIецалацар; адаман дахарехь тайп-тайпана социале институташа дIалоцучу меттигах кхеташ хилар; гражданинан коьртачу бакъонех, машарх, декхарх лаьцна хьежам хилар, социале норманаш а, личностни йукъаметтигаллин бакъонаш а йовзар; коррупцина дуьхьало йан кийча хилар; тайп-тайпана гIуллакхдар нахаца цхьаьна дан хууш хилар, дешархой шаьш дечу урхаллехь дакъалаца кийча хилар, гуманитарни гIуллакхаллехь (волонтералла, нахана гIо дар,) дакъа лоцуш хилар а.

- **патриотийн кхетош-кхиоран:**

дуккха а къаьмнаш долчу йукъараллехь Россин гражданин хилар дозалла хетар, ненан мотт Iамор, Россин Федерацин а, шен къоман а, Россин къаьмнийн а истори, культура йовза лууш хилар, шен Даймехкан мехаллаш доккха хIума хеташ хилар: Iилманан, искусствон, спортан, технологин, тIеман а, белхан а хьуьнарш мехала хетар; Россин символаш, пачхьалкхан деза денош, исторически а, Iаламан тIаьхьалонаш, памятникаш, хьомечу пачхьалкхехь дехачу къаьмнийн ламасташ ларар, синъоьздангаллин кхетош-кхиор: синмехаллаш харжа оьшучохь а, оьздангалла харжа эшар нисделлачу хьолехь а нийса харжам бар, шен леларан нийса мах хадо хаар а, нехан леларан мах хадо хаар а, харц леларшна резацахилар; личность индивидаца а, йукъараллица а маьрша, жоьпалле хилар.

- **синъоьздангаллин кхетош-кхиоран:**

искусствон башх-башха тайпанаш а, шен къоман а, кхечу къаьмнийн а ламасташна, кхолларалина а битаме хилар, искусствон синхааме тIеIаткъамах кхеташ хилар, исбаьхьа культура ладаме хетар, Даймехкан а, дуьненан искусствон мехаллех кхеташ хилар, этносийн культурин ламасташ а, халкъан кхолларалла а маьIне хетар, тайп-тайпанчу искусствошкахь шен меттиг каро хьажар а.

- **физически кхетош-кхиоран, могашаллин культура а, синхаамийн хьал а кхиоран:**

дахаран мехаллех кхетар, шен могашалла ларйар, могашалла ларйеш дахар нисдар

(пайде хIума йаар, гигиена ларйар, садаIаран а, белхан а хенан раж ларйар, спорте лелаш йа физкультура йеш хилар); вуон хIуманаш лелор дитар (къаьркъа малар, наркотикаш лелор, тонка озар), иштта кхийолу дегIан а, синан а могашалла талхош йолу хIуманаш цалелор; кхерамазаллин бакъонаш ларйар, иштта интернет-машанашкахь а кхерамазаллин бакъонаш ларйар, стресс хила тарлун хьелашна марзвалар, хийцалучу социале а, хаамийн а, Iаламан а хьелашна а кийча хилар, иштта цу хьокъехь шен дахаран зерех пайда а оьцуш, кхин дIа а шен Iалашонашка дIаэхар;

шена а, кхечарна а бехк билла сиха цавалар;

шен синхаамаш шегахь сацо хаар, кхечеран синхаамийн хьолах кхетар;

стаг гIалат волуш хуьлуш хилар хаар а, шен гIалаташ тIелаца хаар, уьш нисдан хьажар.

- **къинхьегаме кхетош-кхиоран:**

хьалхахIиттийна декъарш кхочушдан Iалашонца жигара дакъалацар (доьзалехь, гIалин, кIоштан йукъардешаран дешаран организацехь), йукъараллин а, технологически а гIуллакх а, болх а дIаболо, дIахIотто хаар, тайп-тайпана гIуллакхаллин план хIотто а, иза кхочушйан а Iамар, тайп-тайпана къинхьегаман корматаллаш Iамор, корматаллин йукъараллехь дIатарвала, ваза.

- **экологин кхетош-кхиоран:**

йукъараллин а, Iаламан а, Iилманийн а хааршна тIе а тевжаш, гонахьарчу Iаламан хьокъехь хьалхахIуьтту хьесапаш кхочушдан, гонахьарчу Iаламан пайдехь хин долу гIуллакхаш дIадахьа план хIоттор, экологин культурин тIегIа лакхадаккхар, экологин кIорггера проблемаш йовзар, уьш кхочушйан некъаш лахар, гонахьара Iалам бехдийр долу белхашна дуьхьал жигара дакъалацар, Iаламан, технологин, йукъараллин йукъарлехь зIе латтош волу гражданинан маьIна довзар, экологин хьежамашна лерина гIуллакхаллехь жигара дакъалацар.

- **Iилманан мехаллех кхетам:**

вайзаманан Iилманан системехь адам а, Iалам а, йукъаралла а кхиар толлучу хьежамашна тIе а тевжаш, адаман Iаламца а, йукъараллица а йолу зIенаш а, дуьне довзаран гIирс санна меттан а, йешаран а культура карайерзор, талламаш бар Iамар, талламийн зерийн ойлайар, талламаш ша а, коллективана а йукъахь дIабахьар.

Йукъараллин а, Iаламан а хийцалучу хьелашна дешархо марзварехь кхачойеш йолу личностни жамIаш:

доьшучара йукъараллин зераш карадерзор, шен хене хьаьжжана, йукъараллехь леларан бакъонаш, норманаш, йукъараллин дахаран кепаш, тобанашкахь, йукъараллашкахь а, цу хьокъехь доьзалехь нийса леларан коьрта йукъараллин меттиг къасто хаар;

билгалдоцчу хьелашкахь, кхечеран зерашна, хааршна виллина хиларца доьшучаьргахь зIе латторан хьуьнар хилар;

билгалдоцчу хьелашкахь, шен компетенцин тIегIа лакхадаккхаран хьуьнар кхиор, ткъа иза кхочушдархьама практически гIуллакхехула а, цуьнца цхьаьна кхечу адамашка а хьоьжуш Iамар, церан керлачу хааршна тIекхиар;

васташ билгалдахар а, уьш вовшахъэр, керла хаарш карадерзор, цуьнца цхьаьна идейн, кхетамийн формулировка йан хаар, объектех, хиламех гипотезаш кхолла хууш хилар, шен хаарийн дефицитех кхетар, шен компетенцин тIегIа довзар, шен кхиаран план хIотто хаар;

коьртачу кхетамех, терминех, чIагIделлачу кхиаран концепцин декъехь болчу кхетамех оьшург къасто хаар;

Iаламца, йукъараллин, экономикин йукъаметтиган анализ йар, и йукъаметтигаш къастор;

гонахьарчу Iаламан бечу тIеIаткъамна чот а йеш, Iалашонашна тIекхочуш а, декхарш кхочушдеш а, шен гIуллакхийн, белхийн мах хадо хаар;

дешархошкахь стрессийн ситуацешкахь боха ца боха Iамор, хуьлучу хийцамийн а, церан тIаьхьенех нийса мах хадо Iамор, стрессийн ситуацешна дуьхьало йан йезаш хилар, стрессийн ситуацин мах хадо хаар, йуьхьарлаьцна гIуллакхашна, хьелашка хьаьжжина, корректировка йан хаар, йуьхьарлаьцначу гIуллакхехь кхиамаш ца хилахь а, воха а ца вухуш, кийча хилар.

МЕТАПРЕДМЕТНИ ЖАМIАШ

Дешаран универсальни довзаран дараш карадерзор:

Коьрта маьIнийн дараш:

объектийн (хиламийн) билгалйолу билгалонаш Iорайахар а, къастор а;

классификацин ладам боллу билгалонаш а билгалйаха, йечу анализан жамI даран а, дустаран а. критерешна а бух бало;

хьалха хIиттийнчу декхаршка хьаьжжана, къастайечу факташкахь хила догIурш а, бIостанехь дерг а билгалдаккха, тергоне эцнарш гайтийта а, хила догIурш а, бIостанехь дерг а Iорадаккхаран критереш йало;

хьалхахIоттийнчу декхарна оьшучу хаамийн дефециташ къастор;

хиламаш а, процессаш а Iаморехь бахьанин-талламан уьйраш къастор, дедуктивни а, индуктивни а ойланехь сецначарах пайда а оьцуш жамI дар, аналогица догIуш ойланехь сецначун жамI дар, вовшашца уьйр йолчарах гипотезийн формулировка йар;

дешаран шардаран кхочушдан шен лаамехь некъ лахар (масех вариант вовшах йустар, уггаре гIолехь йерг харжархьама).

Бухера талламан дараш:

довзаран талламан гIирс санна хаттарех пайдаэцар;

догIуш доллу хаттарш хIиттор, шен лаамехь лоьхучу хаамашна жоп лахар;

шена хетачух лаьцна гипотезин формулировка йар, шен хетачун аргументаци йалор;

ша хIоттийнчу планаца талламаш бар, чолхе йоцу эксперимент дIайахьар, талламан объектан башхаллаш билгалйахар, объектийн йукъара бахьанин-талламан уьйраш къастор

Таллам барехь (экспериментехь) схьахиллачу хаамийн бакъхиларх пайдэцаран мах хадор;

дIабаьхьначу талламийн хиллачу зерийн жамIийн ша формулировка йар, хиллачу жамIийн бакъхиларан мах хадоран гIирс бевзаш хилар;

процессаш, хиламаш, церан тIаьхьалонна хила тарлучу кхиаран прогноз йар, ишттачу а, царах терачу ситуацешкахь шен хетарг къасто, керлачу хьелашкахь а, контекстехь а церан кхиаран хетарг хьалха таттар;

Информацица болх бар:

хьалха хIиттийна дешаран декхарш а, т1ейихкина критереш а кхочушйан хьостанашкара информаци, хаам лохуш тайп-тайпана некъех, гIирсех пайдаэца, харжа, анализ йан, системизаци йан, башх-башха информацин тайпанийн, гайтаран кепийн интерпретаци йан,

цхьаьна йогIу аргументаш лаха (цхьа верси, идей бакъйеш йа харцйеш), шен лаамехь информаци дIагайта йогIуш йоллу кеп харжа, чолхе йоцучу схемашца, диаграммашца, йа

кхечу кепара графикица кхочушдечу шардаран иллюстраци йан;

хьехархоша къастийнчу критерешца, йа шен лаамца формулировка йина информаци тешаме хилар къасто;

информаци эвсаре дагахь латто а, системизаци йан а.

Дешаран универсале, коммуникативе дараш карадерзор:

Къамел дар: хетачух кхета а, хетачун формулировка йан, Іалашоне а, къамел даран хьелашка хьаьжжана, эмоцеш гайтар, шена хетарг барта аларца а, йозанан текташкахь а дІагайта, къамел даран невербале гІирсаш бовза, социале билгалонийн маьІнех кхетар, Іотбаккхаме хьелаш кхуллу таронаш йовза, Іотбаккхамаш кІадбан, бартбан, кхечеран Іалашонех кхеташ хила, шеца къамел дечуьнца ларам хила, оьздачу кепехь шена нийса цахетачун формулировка йар, къамел дечу йукъана догІуш долу хаттарш хІиттор, шен лаамехь къамел даран формат харжа, аудиторин башхалле хьаьжжана, къамелана презентаци йан, цуьнга хьаьжжана, барта а, йозанан а текстийн гайтаран материал хІоттор.

Шен лаамехь гІуллакх дІадахьар: билггал йолу проблема кхочушйеш болх ша беш а, йа тобанна йукъахь беш а, гІолехь долчух кхета а, пайдаэца а, хьалха хІоттийна Іалашо кхочушйарехь тобанца кхочушйан йезаш хиларан бух бало, цхьаьна дечу гІуллакхан Іалашо тІеэца, и кхочушйан дараш тобанца билгалдаха, шайна йукъахь болх дІасабекъа, бартбан, процесс а, жамІаш а дийцаре дан, масех адамна хетачун йукъара маьІна даккха, куьйгалла дан кийча хила, тІедахкарш кхочушдан, муьтІахь хила, цхьаьна бечу белхан дІахІоттаран план хІотто, цу балха йукъахь хІораннан меттиг къасто, белхан Іалашонаш вовшашна йукъахь, хІораннан тароне хьаьжжана, дІасайекъа, тобанан декъашхошца белхан Іалашонаш йийцаре йан, шен белхан дакъа кхочушдан, ша биначу белхан мехалла къасто, белхан йуьхьца кхочушхилла долу жамІ дуста, белхан жоьпалле дакъа схьаэца, тобанна хьалха жоп дала кийча хила.

Дешаран универсале, регулятиве дараш карадерзор:

Ша шен къепе хІоттор: дахаран а, дешаран а хьелашкахь нислун проблемаш къасто, сацам тІелоцуш тайп-тайпана некъаш билгалбаха, шардар кхочушдан шен лаамехь алгоритм харжа, дешаран шардар кхочушдан некъ харжа, ша кхийдайечу варианташна аргументацеш йало, Іамочу объектех хиъначу керлачу хаарийн хьесап а деш, кхийдайечу алгоритмана корректировка йан, харжам бан, бинчу сацамна жоьпалле хила.

Ша шен терго латтор: ша шена терго латторан некъаш карадерзо, ша шена мотиваци йан, хьолана богІуш боллу мах хадо, хьал хийца план кховдо, дешаран шардар кхочушдеш, халонийн контекст лара а, халонашна сема хила, хийцалучу хьелашка хьаьжжана, шен сацамна адаптаци йан, кхочушхиллачу (кхочуш ца хиллачу) жамІийн бахьанаш кхето хаа, хиллачу зерийн мах хадо, хиллачу хьолехь пайде дерг къасто, керлачу хьелашка хьаьжжана, гІуллакхаллин йукъа коррективаш йало, гІалаташ къасто, Іалашонан а, хьолан а жамІца богІу мах хадо.

Эмоциале интеллект*:* шен а, кхечеран а эмоцеш къасто а, йийца а, царна урхалла дан, эмоцеш билгалйаха, эмоцеш хиларан бахьанин анализ йан, ша кхечу стеган метта хІотто, кхечун бахьанех, Іалашонах кхета, эмоцеш гайтаран некъан урхалла дан.

Шех а, кхечарах а кхетар: кхечу стагах кхета, цуьнан хетачун ойла йан, гІалат вала / йала шен бакъо хила, изза бакъо кхечун йуйла хаа, ша долу хІума тергонехь латто йиш йоций хаа.

ПРЕДМЕТАН ЖАМІАШ

«Ненан меттан (нохчийн) литература» дешаран предметехула йолчу белхан программа карайерзоран предметан жамІаша гайта деза:

1) кхин дIа шен кхиарехь ненан меттан литература йешаран а, Iаморан а ладамаллех кхетар; хIокху дуьнен чохь ша вовзаран а, дуьнедовзаран а гIирс санна систематически йешар оьшуш хиларан хьашташ кхоллар, адаман а, йукъараллин а йукъаметтиг тайар, массо а агIор диалог йар;

2) ненан меттан литература халкъан къоман-культурин коьрта мехаллех цхьа мехалла хиларх, дахар довзаран шатайпа некъ хиларх кхетар;

3) культурин самоидентификаци латтор, шен къоман культурин тоьлла говзарш Iаморан буха тIехь ненан мотт Iаморан коммуникативни-эстетикин таронех кхетар;

4) шена хетарг аргументашца дIаала а, говзачу дашца барта а, тайп-тайпанчу жанрашкахь йозанца а, оьздангаллех вуьззина квалифицированни дешархо кхиор, цуьнгахь, хIуманан хьесап доккхуш, къамел дан Iамор, йешнарг йийцаре йечохь дакъалацар, шен йешаран мукъачу хенан план хIоттор;

5) тайп-тайпана этнокультурин ламасташ гойтуьйту литературин исбаьхьаллин говзарех кхетар Iамо кхиор;

6) Iилманан а, гIуллакхан а, публицистикин а литературех исбаьхьаллин литературин башхаллаш къасто Iамар, йешначун критически мах хадо а, анализ йан а говзалла кхоллар, литературин говзарехь гайтинчу дахаран исбаьхьаллин дуьненах кхетар;

ЖамI: доьшуш верг кхета йешаран маьIналлех а, ладамаллех а, йешарна а марзло, тайп-тайпана говзарш йешаран зедалар хуьлу.

Нохчийн литература халкъан къоман-культурин коьрта мехаллех цхьа мехалла хиларх, дахар довзаран шатайпа некъ хиларх кхетар.

ЖамI: доьшуш верг кхеташ хуьлу нохчийн литературехь къаьста нохчийн къоман менталитет, цуьнан истори, дуьненах кхетар, литературо адаман дахаран оьшу коьрта маьIнаш довзуьйтий а.

Нохчийн фольклоран а, кхечу халкъийн фольклоран а, XX бIешаран нохчийн йаздархойн, XXI бIешаран йуьххьерчу йаздархойн литературин а, Россин халкъийн литературин а Iамийнчу говзарийн коьртачу проблемах кхетар, литературин вастех кхетар, эстетически хьежам кхоллар, литературин исбаьхьаллин васташ кхуллуш долчу меттан гайтаран гIирсаш бевзаш хилар, оьздангаллехь ша къастор, Россин халкъан культурин говзарийн а, нохчийн халкъан культурин а, дуьненан кхечу къаьмнийн, дуьненан культурин а говзарш Iаморехь нохчийн меттан таронаш кIезиг цахиларх кхетар а.

ЖамI: адамийн йукъара проблемаш йовзарехь зедалар хуьлу доьшуш волчунна, нохчийн литературин меттан таронех пайдаоьцуш, и проблемаш йийца а Iема.

Литературин говзаршна анализ йан хаар, уьш муьлхачу жанрийн тайпанех йу къасто хаар, литературин говзаран теманах а, идейх а, гIиллакхе пафосах кхета а, кхолла а, турпалхойн амалш билгалйаха, цхьана йа масех говзарийн турпалш вовшашца дуьхьалхIотто, тексташа йукъара цитатех а, нохчийн меттан суртхIотторан гIирсех а пайдаоьцуш, прозийн говзарийн йа церан дакъош схьадийца хаар, ладоьгIначу а, йешначу а текстех лаьцначу хаттаршна жоп далар, тайп-тайпанчу аларийн барта монолог йан, диалог дIайахьа, нохчийн литературин шена хета маххадор, шена хетарг аргументашца дIаала а, говзачу дашца барта а, тайп-тайпанчу жанрашкахь йозанца а, оьздангаллех вуьззина квалифицированни дешархо кхиор, цуьнгахь, хIуманан хьесап доккхуш, къамел дан Iамор, йешнарг йийцаре йечохь дакъалацар, шен йешаран мукъачу хенан план хIоттор;

ЖамI: доьшуш волчунна карадоьрзу литературин говзарийн анализ йар а, интерпретаци йар а, къамелаца и дIахIотто а, шена хетачунна аргументаци йан а, шениг чекхдаккха хаа а, ша йеша леринчу литературин го къасто а.

Тайп-тайпана этнокультурин ламасташ гойтуьйту литературин исбаьхьаллин говзарех кхета Iамор кхиор; литературин говзарийн эпохаца йолчу зIенех кхетар, цо шена чукъуьйлу оьздангаллин мехаллаш билгалйахар, нохчийн а, оьрсийн а литературин, культурин синъоьздангаллин мехаллашна тIаьхьа вазар/йазар а, Iамийнчу литературин говзаршна шениг (цкъацкъа) интерпретаци йар.

ЖамI: доьшуш верг Iема нохчийн литературин а, нохчийн матте гочйинчу а говзарех кхета.

Тайп-тайпана литературин жанрийн говзарш барта схьайийцарх кхетар а, Iамийнчу говзарийн тематикица йоьзна сочиненеш, изложенеш йазйар а, кхолларалин цIера белхаш йаздар а, литературин а, культурин а теманашна рефераташ йазйар, говзаршкахь сюжетан элементаш, композици, исбаьхьаллин васташ кхуллуш долчу меттан гайтаран гIирсаш къастор а, говзаран идейн-исбаьхьаллин чулацам белларехь долчу церан маьIнех кхетар (филологин агIонгахьара анализ йаран элементаш), литературин говзаран анализ йарехь литературоведчески терминологи йевзаш хилар, авторан позицех кхетар, Iилманан а, гIуллакхан а, публицистикин а литературех исбаьхьаллин литературин башхаллаш къасто Iамар, йешначун критически мах хадо а, анализ йан а говзалла кхоллар, литературин говзарехь гайтина дахаран исбаьхьаллин дуьненах кхетар.

ЖамI: доьшуш волчо карадерзадо, маьIна а доккхуш, диканиг къастош, йешар, текстах кхета, кхечу тайпанийн текстех къасто Iема, интеллектуальни ойла йарца йешаран хьокъехь хиллачу дуьххьарлера синхаамашка йухахьажар.

Классийн предметийн жамIаш

11 класс

• Даймахках а, нохчийн доьзалх а лаьцначу говзаршкахь Россин къаьмнийн культурийн контексташкахь нохчийн литературин меттиг къасто хууш хила.

• кховдайечу плана буха тIехь фольклоран а, литературин а текстан маьIнин анализ йан хаарш хила, исбаьхьаллин текст йешархочунна, вайзаманхочунна авторо беш кхайкхам санна лара, турпалхойн васташ дустаран форматехь историко-культурин комментареш а, шен тексташ а кхолла, проблемин хаттаршна жоьпаш дала, хьехархочун куьйгаллица исбаьхьаллин искусствон говзарш кхечу искусствон говзаршна дуьхьалхIитто а, шен пайдехь хин йолу говзарш харжа Iама.

• Даймахках а, нохчийн доьзалх а лаьцначу говзаршкахь Россин къаьмнийн культурийн контексташкахь нохчийн литературин меттиг къасто хууш хила.

• нохчийн халкъан оьздангаллин мах хадо таро лун тайп-тайпана жанрийн говзарийн проблематика а, оьздангаллин шатайпа башхалла билгалйаккха, Даймехкан Iаламах а, Даймахках а лаьцначу говзаршкахь нохчийн къоман синкхетаман коьрта культурин а, оьздангаллин а мехаллаш йовзар.

• исбаьхьаллин говзаран кепан а, чулацаман цхьаалла ойла йеш тIеэцар, шен йешархочун ассоциацийн тIегIа дIахIоттор, исбаьхьаллин текстан эстетически анализ йан хаарш хила, исбаьхьаллин текст йаьржина историко-культурин комментареш а, тайп-тайпанчу форматехь йаран форматехь шен тексташ а кхолла, исбаьхьаллин искусствон говзарш дуьхьалхIитто а,

ша а шен цIахь йеша говзарийн гуо кхолла а, исбаьхьаллин литература йешаран перспективе йолу Iалашо къасто а;

• проектни-талламан гIуллакхалла кхочушдан, цуьнан жамIаш дIадовзийта а, тайп-тайпана информацин хьостанашца болха бан коьрта хаарш хила а, царна презентаци йан говзалла хила а.

Нохчийн литературин 11-чу классана леринчу белхан программин кхеторан кехат

Нохчийн литературин йуккъерчу йукъардешаран ишколана лерина программа хIоттийна:

- Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан, коьртачу дешаран программин буха тIехь;
- С.Э.Эдиловн нохчийн литературин герггарчу хьесапехь йолчу программин буха тIехь;

Соьлжа-Г1алин №31 йолчу ищколан дешаран хьесапан бух т1ехь;

Соьлжа-Г1алин №31 йолчу ишколан коьрта дешаран программин бух т1ехь.

Йуккъерчу йукъардешаран ишколана лерина герггарчу хьесапехь йолу программа шен чулацаман башхаллашца къаьсташ йу, цкъа-делахь, йуккъерчу йукъардешаран къепен (системин) предметийн чулацамца, шолгIа-делахь, Iамочеран психологически а, хенийн а башхаллашца.

Программо билгалдо инвариантни (ца Iамийча ца долу) дешаран курсан дакъа, таро ло, белхан программаш хIиттош, дешаран коьчал дIасайекъа, курсан дакъош шайн лаамехь хьалха-тIаьхьа нисдеш, хьеха. Иштта цо аьтто бо дешаран цхьаалла ларйарехь а, дешаран курс тайп-тайпанчу кепара дIахIотторехь а.

Программо Iамо билгалйина нохчийн литературин тоьлла произведенеш, уьш массо йукъардешаран ишколашна лерина а, жамIдаран талламан къепеца (системица) йозайелла а йу. Программо иштта шена чулоцу тематически а, жанрови а башхаллашца хIиттийна йолу йукъарчу хьесапера обзораш.

Йаккхий произведенеш, Iамо атта хилийта, йацйина йалийна.

Программа кхаа декъах лаьтта:

«Дешаран предмет карайерзорехь кхочушдан лору жамIаш». Кхузахь довзийтина, хIун меттиг дIалоцу нохчийн литературо йуккъерчу йукъардешаран Iалашонашка кхачош; нохчийн литература Iаморан Iалашонаш а, жамIаш а билгалдаьхна масех тIегIанехь – личностни, метапредметни, предметни.

«Дешаран курсан чулацам». Дакъошка бекъна, Iамо билгалбина чулацам къастийна кхузахь.

«Дешаран-тематикин хьесап». Дешаран курсан теманаш, хIора тема Iаморна лерина сахьташ къастийна.

Дешаран-методически комплект (УМК)

I. Йуккъерчу йукъардешаран ишколашна лерина нохчийн литературин Iаматаш:

3. Абдулкадырова Р.А., Мурадова З.И. 11-чу классана хрестомати.

4. Туркаев Х.В, Туркаева Р.А. 11-чу классана Iамат.

II. Нохчийн литературин Iаматашна методически хьехамаш.

III. Тайп-тайпана тексташ, тесташ.

IV. Дешаран дошамаш.

Дешаран хьесапаца цхьаьнадогIуш, нохчийн литератураIаморна леринчу сахьтийн барам:

Класс	Шарахь	К1иранах
11	66	2

1. Дешаран предмет карайерзорехь кхочушдан лору жамIаш

Йуккъерчу йукъардешаран ишколашкахь литературин курс тIехьажийна йу дукхакъаьмнийн Россин ца хилча ца торуш долчу культурин декъах санна, литературех болу кхетам дешархошкахь кхиорна, цо аьтто бо массо кепара кхиъна ваьлла, граждански кхетам болу, къаьмнашца йолу йукъаметтигаш цхьаьнайогIуш долу адам (личность) кхиорна.

«Литература» предметан башхалла, базови дешаран дисциплинин санна, къастош йу литература дешан исбаьхьалла хиларца доьзна. Васталлин литературо таро ло синхаамийн тIеIаткъам бан йешархочунна, ткъа цуьнца цхьаьна цуьнан дуьненехьежар а, синъоьздангаллин механлаш, исбаьхьаллин (эстетически) чам жигара кхиорна а. Дешаран «Литература» предметан чолхалла билгалйолу иза искусство Iаморан дешан говзаллин а, Iилманан бухан (литературоведени) а цхьаалла шеца йолуш хиларца доьзна.

Дешаран предмет «Литература» герггара уьйр йолуш йу «Нохчийн мотт» предметаца. Нохчийн литература дешархойн ненан мотт а, церан къамелан оьздангалла а кхиорехь, юкъаметтигаш лелорехь а коьрта хьоста ду.

Исбаьхьаллин произведенийн мотт Iаморо аьтто бо дешархошна дешан исбаьхьаллин (эстетически) декхарш довзарехь, исбаьхьаллин дешнашца кхелина мотт караберзорехь. Цо билгалйоккхуш ю цуьнан механлла нохчийн литература а, нохчийн мотт а герггара уьйраш тосуш Iаморехь.

Нохчийн литература герггарчу уьйрашца нохчийн историца а, географица а, исламан баххашца а Iаморо дешархойн дегнашкахь патриотически дог-ойла а, синъоьздангаллин механлаш а кхуллур ю, шен дукхакъаьмнийн махках дозалла а дийр ду цо.

Йуккъера йукъардешаран ишкол чекхйоккхучуьнгахь «Литература» предмет Iамош кхио деза личностни жамIаш ду:

– нохчийн къоман гIиллакх-оьздангалла, дайн ламасташ лардар; шен къоман векал а, дукхакъаьмнийн пачхьалкхан гражданин хиларан ойла синкхетамехь сецна йаьлла хилар; шен махке а, Йерригроссин пачхьалкхе а кIорггера безам а, лерам а хилар;

– нохчийн литература, культура йевзаш, йезаш хилар, оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а культуре, ламасташка лераме хилар;

– дуьненан хIинцалерчу хьелашкахь лела хаар; муьлххачу а къаьмнийн векалшца йукъаметтиг латто хаар, къаьсттина кхин культура а, кхин дин а долчаьрца;

– шен къоман сий лардарехь жоьпалле хилар.

Йуккъерчу йукъардешаран ишколехь предмет «Литература» Iаморан метапредметни жамIаш билгалдовлу:

– проблемех кхета а, гипотеза хIотто а, материал вовшахтосуш цхьана кепе йерзо а хаарехь;

– ша билгалдаьккхинарг кхачам боллуш тIечIагIдан а, шен барта а, йозанан а къамел ойла къеггина билгалйолучу кепара нисдан а, шен къамел дерзо а хаарехь;

– хIума дустаран а, дуьхь-дуьхьал хIотторан а кепех пайдаэцарехь;

– шен гIуллакхаш ша вовшахтоха а, церан мах хадо а, шен безам болчу, шена довза луучу хIуманийн, гIуллакхийн гуо билгалбаккха а хаарехь;

– шена оьшучу кепара довзийтаран литературех (тайп-тайпана лугIаташ, энциклопедеш, интернет-гIирсаш, библиографин довзийтарш) пайдаэца хаарехь.

Метапредметни жамIаш:

1. Регулятивни универсальни дешаран ардамаш

Арахецархочунна Iемар ду:

- гIиллакхан, оьздангаллин кхетаман буха тIехь гонахарчу адамийн а, шен а дахаран гIуллакх дарехь хIоттийначу Iалашоне кхачархьама хила тарлучу тIаьхьенийн мах хадо;
- дахаран хьелашкахь а, дешаран гIуллакх дарехь а шен декхарш хIитто а, уьш вовшахтоха а;
- хIоттийначу Iалашоне кхачархьама оьшуш йолчу ресурсийн а, хенан а мах хадо;
- шен Iалашоне кхачаран некъ харжа, хьалха хIиттийна декхарш кхочушдан хьесап хIотто;
- хIоттийначу Iалашоне кхачархьама оьшуш йолчу ресурсийн эвсара лехамаш вовшахтоха;
- хьалххе хIоттийна Iалашой, гIуллакх даран жамIий дуьхь-дуьхьал хIотто.

2. Довзаран (познавательни) универсальни дешаран ардамаш

Арахецархочунна Iемар ду:

- декхарш кхочушдаран йукъара некъаш лаха а, каро а; баьржина хаамийн лехам кхочушбан а, цуьнан буха тIехь керла (дешаран а, довзаран а) декхарш хIитто а;
- кхечунна хетачух, цо дечух лаьцна критикин аргументаш каро а, йало а; хьайна хетачух лаьцна йечу критикин хьокъехь кхетаме а, паргIат а хила; хьайн кхиаран тIаьхьало санна иза тIеэца;
- дешаран предметан дозанах тIехвала а, гIуллакх даран некъаш а, гIирсаш а дехьабахаран хьелаш кхолла а;
- довзаран гIуллакх дарехь тайп-тайпана хьелаш хийца а, уьш сецо а.

3. Коммуникативни универсальни дешаран ардамаш

Арахецархочунна Iемар ду:

- нийсархошца санна, баккхийчаьрца а гIуллакхан некъаш вовшахтоха (дешаран хьукматехь а, цул арахь а);
- тобанашца болх кхочушбарехь куьйгалхо а, цул сов, тайп-тайпана гIуллакх дарехь тобанан декъашхо а хила (критик, кхочушдийриг, эксперт, къамел дийриг, и.дI.кх.);
- цхьаьнатоьхначу а, кхочушдалур долчу а зIе хиларан хьелашкахь болх кхочушбан а, уьйр хилийта а;
- цхьаьнабогIучу а (барта а, йозанан а) меттан гIирсех пайда а оьцуш, шена хетарг нийса, хьекъале, даьржина а дIадийца.

Йуккъера йукъардешаран ишкол чекхйоккхучеран предметни жамIаш лаьтта:

1) хIума довзаран декъехь:

– шаьш Iамийначу нохчийн а, кхечу къаьмнийн а йаздархойн произведенийн коьртачу проблемех кхеташ хилар а, уьш нийса билгалйаха хаар а;

– литературин произведени ша йазйинчу хенаца йогIуш хиларх кхетар, цуьнан проблематикехь, хенаца йоьзна йоцуш, даима а адашна йукъахь лелла йолу оьздангаллин мехаллаш билгалйаха а, церан маьIна дан а хаар;

– хьалха-тIаьхьа йазйинчу произведенийн теманаш, проблемаш вовшашца йозаелла хиларх, царна йукъарчу уьйрех кхетар;

– исбаьхьаллин произведени талла хаар, цуьнан тайпа а, жанр а билгалйар;

– произведенин тема билгалйаккха, маьIна дан хаар; турпалхойн амалш къастор, тайп-тайпанчу произведенийн турпалхойн амалш вовшашца йуста хаар;

– нохчийн, оьрсийн, кхечу къаьмнийн литературин произведенеш вовшашца йуста хаар;

– исбаьхьаллин произведенин дIахIоттам, иза шен дакъошца дIанисйаран кеп, цу тIера хиламаш гайтаран раж (композици, фабула, сюжет) билгалйаккха хаар;

– произведенин исбаьхьаллин-суртхIотторан гIирсаш, меттан башхаллаш къасто хаар;

– литературоведенин терминологи йовзар а, цунах пайдаэца хаар а;

2) эстетикин декъехь:

– нохчийн исбаьхьаллин дешан (фольклор а, йозанан литература а) марзо йевзаш хилар;

– произведени тIехь дахар исбаьхьаллин васташкахь гайтаран башхаллаш йовзар, иза нохчийн исбаьхьаллин дешан хазна хиларх кхетар, цунах марзо эца хаар;

– литературин произведенехь васт кхолларехь исбаьхьаллин-суртхIотторан гIирсийн маьIна девзаш хилар;

3) шен Iалашо лацаран декъехь:

– нохчийн къоман гIиллакх-оьздангаллин, Iадатийн, ламастийн хазна йевзаш а, цаьрца Iамалйан лууш а хилар;

– Iамийначу исбаьхьаллин произведенешка шен хьежамаш хилар а, уьш къеггина билгалбаха хаар а;

– исбаьхьаллин произведени авторан Iалашонах кхетар а, цунах лаьцна шен ойла хилар а;

– исбаьхьаллин произведенех шена хеташ долу маьIна даккхар а, мах хадор а, цунах лаьцна билггал шен кхетам хилар а, иза бовзийта хаар а.

4) культурийн диалоган декъехь:

– нохчийн, оьрсийн, кхечу къаьмнийн литературин тексташ вовшашцайу, церан типологехь цхьаьнадогIург а, къаьсташ дерг а билгалдаккха а, къастамаш стенца боьзна бу а хаар;

– нохчийн а, оьрсийн а литературехь цхьа тема йолу произведенеш вовшашца йустуш, церан цхьаьнадогIург а, къоман культурица, меттан башхаллашца доьзна къаьсташ дерг а билгалдаккха хаар;

– кхечу къаьмнийн литература, культура йовза лаам хилар а, цаьрга лерам болуш хилар а;

5) коммуникативни декъехь:

– Iамийначу произведенийн проблематикица йоьзна сочиненеш йазйан хаар;

– классехь а, цIахь а нохчийн литературица боьзна тайп-тайпана кхолларалин белхаш кхочушбан хаар;

– литературина, культурин а теманашна рефереташ йазйан хаар;

– монолог йалош а, диалогехь а къамел дан хаар;

– нохчийн меттан бакъонаш а ларйеш, къоман гIиллакхца а догIуш, ша нисвеллачу хьелашка хьаьжжина, къамел дан хаар.

Арахецархочунна Iемар ду:

- нохчийн произведенех долу хаарш схьагайта, проблемаш а, йукъара теманаш а хьехош йолчу масех текста тIера масалш далош;
- ша книгаш йешарца зеделлачун барта а, йозанан а кепехь анализ йан а, жамI дан а, къаьсттина:
- анализ йархьама исбаьхьаллин произведени харжар буха тIе дало, аргументана произведенин тема а, проблематика а йалош;
- текст, нийса дIайийца: произведенин башхаллаш билгалйохуш, произведенин шиъ (йа цул сов) коьрта тема йа идея къасто а, чулацамехь церан кхиар, дозуш хилар, цара вовшийн Iаткъам бар гайта а, произведенин исбаьхьаллин чолхалла схьа а йоьллуш;
- автора жанран тайпа къасторан анализ йан, произведенин исбаьхьаллин дакъойн уьйрийн а, кхиаран а башхаллаш схьа а йоьллуш: хиламан хан а, меттиг а, хиламан суртхIотторан кепаш а, цуьнан кхиар а, турпалхой йукъабалоран кепаш а, церан амалш кхиаран, уьш гучуйахаран гIирсаш а;
- урокехь Iамош йолчу произведенех долчу хаттаршна даьржина жоьпаш дала йа ша йешначу произведенешна гIеххьа йолу рецензи кхолла;
- исбаьхьаллин, литературин сферехь проектни белхаш кхочушдан, литературин произведенех, шена хетарехь, бух болу кхетам бала;

- предмет кIорггера Iамо лерина йолчу материале хьаьжжина, нохчийн а, кхечу къаьмнийн а литературин произведенийн хаарш гайта;
- билггал йолчу произведенешна барта а, йозанца а анализ йан, тайп-тайпанчу Iилманан кепех, хьехаран некъех, йешарх пайдаэцарца;
- лирически а, драматически а, эпически а произведенешна тайп-тайпана масех кхетам баларца анализ йан;
- XIX-XX-чу бIешерийн историко-литературин а, вайзаманан литературин а процесс йовза, литературин коьртачу хьежамех болчу кхетамна тIе а тевжаш;
- билггал йолчу текстехь, хьалха ца йевзаш хиллачу а тIехь, уггар къегина башхаллаш къасто;
- уггар йаккхийчу произведенийн, шайх масал эца хьакъ долчу церан турпалхойн цIераш а, литературин турпалхойн критикийн, гIарабевллачу йаздархойн цIераш а, церан кхолларалин некъаш а хаа;
- шайн кхоллайаларан муьрехь произведенеш маьIне а, мехала а хиларх кхета;
- йешархоша произведенеш тIеэцаран башхаллаш а, Iамош йолу произведени кхоллайаларан истори а йовза;
- литературин критикех а, литературин Iилманех а пайда а оьцуш, хаттаршна дуьззина жоьпаш дала.

2. Дешаран курсан чулацам

1-ра дакъа. XX бIешеран хьалхарчу эхан литература.

Исаева М.С. «Ирсан орам» роман. Васса а, Акаев Руслан а романехь гайтаран башхаллаш. Романехь кегийрхойн васташ.

Романехь къинхьегаман тема къасторан башхаллаш.

Сулейманов А.С. Стихотворенеш**«**Дог дохден цIе**»**,«Берд», «Батто сагатдо», «Ламанан хьостанаш».

Сулейманов Ахьмадан дахар а, кхолларалла а.

Поэтан лирикехь къонахаллин, оьздангаллин тема. Къоман гIиллакх-оьздангаллица вехаш, эхь-бехк лардеш волу цуьнан лирически турпалхо. Безаман а, доттагIаллин а лирика.

Сулейманов Ахьмадан произведенешкахь поэтически сурт хIотторан башхаллаш. Цуьнан кхолларалин мехалла.

2-гIа дакъа. XX бIешеран шолгIачу эхан литература.

Айдамиров А.I. Дахаран а, кхолларалин а некъ. Роман«Еха буьйсанаш».

Айдамиров Абузаран кхолларалла. «Еха буьйсанаш» исторически романехь нохчийн халкъо XIX бIешарахькъоман паргIатонехьа латтийначу къийсаман тема. Къоман дахар

кIорггера, дуккха а агIонаш толлуш гайтар. Исторически бакъдолу гIуллакхаш гайтарехь романан эпически шуьйра чулацам. Цу заманахь Нохчийчохь хилла йукъараллин хьелаш говза гайтар.

Романан исбаьхьаллин башхаллаш.

Ахматова Р.С. Дахар а, кхолларалла а. Стихотворенеш«Нене», «Сан йурт»«Даймахке». Поэма «Дагалецамийн новкъа».

Ахматова Раисин дахар а, поэтически кхолларалла а. Даймохк, халкъийн доттагIалла, машаре дахар, къинхьегам, безам, кегийрхойн дог-ойла гайтар. Поэтессин кхолларалла шен хенаца йогIуш хилар.

Ахматова Раисин поэзехь нохчийн йоьIан васт.

Поэтессин лирически турпалхо даима къона, шен Даймохк дукхабезаш, дахарехь хIайт-аьлла хилар.

Ахматован поэзехь безаман тема. Цуьнан лирикин башхаллаш.

«Дагалецамийн новкъа» – автобиографически поэма.

Цуьнан турпалхочун кхоллам Даймехкан, халкъан кхолламах къасталур боцуш бозабелла хилар. Поэмин тIехь къинхьегаман, безаман, поэзин, поэтан декхарийн теманаш цхьаьнайогIуш къастор.

Поэмин идейни а, исбаьхьаллин а башхаллаш.

Арсанукаев Ш.I.Стихотворенеш«Весет», «Нагахь хьан гIо оьшуш...», «Нийсонна гимн», «Дицдина илли», «Ненан мотт», стихашкахь роман «Кхолламан сизаш».

Арсанукаев Шайхин кхолларалла.

Поэтан произведенешкахь Даймехкан исбаьхьа суьрташ, Iаламан аьрха хазалла. КIорггера кхетам, оьзда лаамаш болу поэтан лирически турпалхо. Цо дуьненах, дахарх йо ойланаш, адаман ирсехьа къийсам латто иза кийча хилар.

Арсанукаев Шайхин лирикин башхаллаш: чулацам, поэтически гIирсаш, исбаьхьаллин хатI.

«Кхолламан сизаш» стихашца йазйина роман. Даймехкан тIамехь бIаьхоша турпалаллица Даймохк мостагIчух Iалашбар романехь гайтаран башхаллаш. БIаьхойн васташ. Ризван а, цуьнан накъостий а.

Романехь тIеман а, тылан а суьрташ. Маршо ларйеш эгначийн сий а деш, тIом гIаттош болчарна дуьхьал авторо халкъе бен кхайкхам. «Кхолламан сизаш» романан чулацам а, исбаьхьаллин къастамаш а.

Арсанукаев Шайхин поэзин механлла.

Рашидов Ш.Р. Стихотворенеш «Баланах дуьзна дог», «Пондар боьлху», «Аружа».

Рашидов Шаидан поэзин проблематика, коьрта башхаллаш. Лирически турпалхочун ойланаш, синхаамаш.

Стихотворенеш мукъаме хилар, дуккха а стихаш эшаршка йерзор. Цуьнан стихашкахь поэтически сурт кхолларан башхаллаш.

«Аружа» – исторически хиллачийн буха тIехь йазйина поэма. Махкахдаьккхинчу халкъо лайна баланаш, халонаш гайтаран башхаллаш. Аружа а, Алымкхан а.

Лирически турпалхочун халкъах, махках йолу ойланаш.

Гацаев С.А. Стихотворенеш «Йише Маржане», «Хаьий хьуна, Фирдоуси…», «Хатта хьайна Саадига», «Цхьа а дац сан ойла къуьйлуш…», «Лойша эсала мох…», «Лалла хьайна некъаш мел ду…», «БIаьсте хир ю – бIаьсте, бIаьсте!..»

Гацаев СаIидан кхолларалла. Поэтан лирикин башхаллаш. Даймахке безам, адамийн хазахетарш, халахетарш, дегайовхонаш, дегаIийжамаш – и берриге а бовха синхаамаш шатайпанчу исбаьхьаллица кхоьллинчу Iаламан суьрташкахула гучубовлуш хилар. Цуьнан поэзехь адам а, Iалам а.

Стихотворенеш аьхна ойланаш, бовха синхаамаш гIаттош хилар.

Ахмадов М.М. Стихотворени «Нохчийн махкахь нохчийн маттахь…», пьеса«Лаьмнел а лекха», дийцар«Зингатийн барз а ма бохабелаш», роман«Сатоссуш, седарчий довш»**.**

Ахмадов Мусан произведенийн коьрта проблемаш, теманаш, турпалхой.

Ахмадов Мусан кхолларалллин обзор: бIешерашкара схьадогIу къоман оьздангаллин ламасташ хIинцалерчу заманан лехамашца къовсаме довлар, чолхечу дахаран галморзахаллаш, адам эхь-бехках йухадалар, гIиллакх лахдалар, халкъан ламасташка лерам бацар къомана бохаме хилар; оьздангаллех ца вухуш, гIиллакх лардеш, дахаран халонех чекхвалар.

Ахмадов Мусан поэзин, прозин исбаьхьаллин башхаллаш.

Дикаев М.Д. Стихотворенеш«Нохчийн хIусам», «Стеган цIе», «Суна лаьа».

Дикаев Мохьмадан лирика. Поэтан шен Даймахках, ша схьаваьллачу халкъах дозалла даран ойла, патриотически синхаамаш, къоман хиндерг ирсе хила лаар – цуьнан кхолларалллин коьрта чулацам.

Дикаев Мохьмадан поэзехь йахь, къоман оьздангалла гайтаран башхаллаш. Цуьнан поэтически хатI.

Бексултанов М.Э. Повесть«Дахаран хин генара бердаш»,дийцарш«Iаьржа бIаьрг», «Хьалхара парта», «Корталин Хантоти».

Бексултанов Мусан кхолларалла.

Цуьнан прозехь дахар шатайпанчу исбаьхьаллин хотIехь гайтар. Йаздархочо кега-мерса долчу хIумнашкахула, царах чекхъхьежарца дахаран чолхе, шайн кIорггера маьIна долу гIуллакхаш, хьелаш къастор.

Къоман хиндерг халкъан ламасташ, гIиллакх-оьздангалла ларйарца дозаделла хилар произведенешкахь чIагIдар. Турпалхойн амалш гайтаран, церан васташ кхолларан башхаллаш.

Йаздархочун кхолларалин маьIна, исбаьхьаллин башхаллаш. Халкъан барта кхолларалица уьйр хилар.

Шайхиев I. Х.Стихотворенеш«Стаг велча, йуьртахь зударий боьлху», «Аса а ма лайна …», стихашца йазйина повесть «Дерачу кхолламан кхиэл».

Шайхиев Iалвадин кхолларалла. Цуьнан поэзин шуьйра чулацам а, маьIна а. Шайхиев Iалвадин стихашкахь поэтически сурт кхолларан башхаллаш. Цуьнан поэзин шатайпана долу хатI.

«Дерачу кхолламан кхиэл» – стихашца йазйина повесть. Тешнабехккий, эхь-оьздангаллий цкъа а цхьаьнадогIург цахилар чIагIдар. Къоман гIиллакхаш а, оьзда безам а гайтар. Повестан маьIна а, исбаьхьаллин къастамаш а.

Шайхиев Iалвадин кхолларалин мехалла.

Алиев ГI.Хь. Стихотворенеш «Къонахийн зама», «ХIун лозу хьан, Нохчийчоь?» «Къонахе», «ДоIа». Алиев ГIапуран лирика. Поэтан стихийн коьрта проблематика а, философски чулацам а. Лирически турпалхочун амалшкахь нохчийн къоман гIиллакх-оьздангалла.

3-гIа дакъа. XXI бIешо долалучу муьран литература.

Ибрагимов К.Хь. Роман «Берийн дуьне». Тема а, проблематика а. Исбаьхьаллин башхаллаш.

Яшуркаев С. С-I. Стихотворенеш«Самах ду, гIенах ду», «Дагахьбалламаш, дагалецамаш».

4-гIа дакъа. Кхечу къаьмнийн литература.

Казбеги А.М. Повесть «Элиса».

Гуьржийн йаздархочун Алесандр Казбегин кхолларалех хаамаш.«Элиса» повестан коьрта чулацам. Къаьмнашна йукъарчу доттагIаллин уьйраш гайтаран хьелаш. Ламанхойн къонахалла, оьздангалла, тешаме хилар йаздархочо хастаме дийцар.

Элисин, Чербижан Анзоран, Важиян васташ.

Казбегин турпалхой – нохчий, гуьржий – шайн сий, маршо, паргIато ларйечу къийсамехь, вежарий санна, бертахь хилар.

Кулиев К.Ш. Стихотворенеш «Хиндолчунна аьлла байташ», «ТIуьначу лаьттан цинц къуьйлу...».

Кулиев Кайсын – балкхаройн поэт. Цуьнан поэзин башхаллаш. Поэтан лирически турпалхочун ша винчу лаьтте, хьомечу Даймахке, халкъе болу безам. Шен дахар адам ирсе кхачорна дIадала иза кийча хилар.

5-гIа дакъа. Обзорни теманаш.

Нохчийн литературехь Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман (1941–1945) тема (Обзор).

Даймехкан паргIато Iалашйаран тема. Мамакаев I.Ш. стихотворенеш «Дерриге а тIамна!», «Даймехкан тIом бечохь»; Мамакаев М.А. – «И йоьлхуш йац», «КIиллочунна»; Сулаев М.А. – «ГIовтта», «Малх тоьлур бу»; Эдилов Х.Э. – «Суьрте», «Кавказан аьрзу», «ТIемало – хьоьга»; Гадаев М.Г. – «Мехкан лоьмашка», «ДоттагIашка».

ТIеман шерашкахь литературо къаьмнийн доттагIаллин тема айбар. Граждански тIамехь халкъо турпалалла гайтар карладаккхар (Мамакаев I.Ш. «Винчу юьрта»).

Даймохк мостагIчух паргIатбоккхуш гайтина халкъан турпалалла, патриотизм хIинцалерчу литературехь гайтар. ТIеман халачу хьелашкахь бIаьхойн дог-ойла, гIиллакх-оьздангалла, хьуьнар исбаьхьаллин произведенешкахь гайтаран башхаллаш. Муталибов З.А. «БIаьхочун весет»; Эдилов Х.Э. «Ирс къуьйсуш веллачун сий делахь,Латта», «Лаьттан цинц»; Сулаев М.А. «Нохчийн кIант Волгин йистехь»; Гацаев С.А. «Ханпашин валар».

Нохчийн литературехь къинхьегаман тема. Музаев Н.Д.роман «Сатийсаман ницкъ», Нунуев С-Хь.М. роман «Гезган маша» (Обзор).

Нохчийн литература ХХ бIешеран шолгIачу эхехь кхиаран хьелаш а, хIинцалерчу поэзин, прозин башхаллаш (Обзор).

6-гIа дакъа. Литературин теори а, истори а.

Нохчийн исбаьхьаллин литература кхоллайаларан хьелаш, къоман йозанан литературин хьостанаш. Нохчийн литературехь поэзин, прозин, драматургин жанраш кхоллайаларан а, кхиаран а башхаллаш. Йозанан литературин нохчийн барта кхолларалица уьйр хилар.

Литературин тайпанаш: эпос, лирика, драма.

Литературин жанраш. Эпически жанраш: дийцар, повесть, роман. Лирически жанраш: стихотворени. Драматургически жанраш: комеди, драма, трагеди. Лиро-эпически произведенеш: поэма, баллада, басня, стихашкахь повесть, стихашкахь роман.

Исбаьхьаллин произведенин формех а, чулацамах а болу кхетам кIаргбар. Исбаьхьаллин прпоизведенин чулацам а, маьIна а. Тема, проблематика, сюжет, дIахIоттам (пролог, йуьхьйолор, долор, кульминаци, къастор, тIаьхьара дош, монолог, диалог, лирически йуьстахдийларш). Исбаьхьаллин произведенин васт, персонаж, турпалхо. Лирически турпалхо. Авторан васт. Авторан къамел.

Исбаьхьаллин произведени тIехь къовсам (конфликт). Драматургически къовсам.

Проза а, поэзи а. Церан башхаллаш.

Стих кхолларан кепаш. Стих кхолларан силлабо-тонически кеп. Стихан барамаш. Стихан гIулч. Хорей, ямб, дактиль, амфибрахи, анапест. Строфа, ритм, рифма.

Исбаьхьаллин произведенин меттан гIирсаш: дустар, эпитет, метафора, йуьхьедерзор, гипербола, метоними.

Нохчийн литература ХХ бIешеран хьалхарчу эхехь кхиаран башхаллаш.

Нохчийн литература ХХ бIешеран шолгIачу эхехь кхиаран башхаллаш.

ХIинцалерчу поэзин, прозин башхаллаш.

Теоретико-литературни хаарш далар исбаьхьаллин произведенеш Iамош а кхочушдо, цул совнаха литературин теори Iамо хан а билгалйаьккхина Программи тIехь.

7-гIа дакъа.Литература Iамош кхочушбечу барта а, йозанан а белхийн коьрта тайпанаш.

Исбаьхьаллин произведенин чулацам тайп-тайпанчу форманашкахь схьабийцар: чулацам текстана йуххера бийцар; произведенин сюжетан сиз а лардеш, коьрта хиламаш схьабийцар; шайн къеггина маьIна долу цхьа-ши эпизод йийцар; билгалволчу турпалхочух йозайелла йолу меттигаш йийцар.

Исбаьхьаллин произведенин текст маьIна деш схьайийцар.

Литературах, йукъараллин дахарх лаьцна йолчу статьян чулацам схьабийцар.

Стихотворенеш, прозаически произведенийн дакъош дагахь дешар.

Произведени тIера исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш билгал а бохуш, эпитетийн, дустарийн, метафорийн, геперболийн олицетворенийн, иштта дIа кхиболчу а суртхIотторан гIирсийн башхаллаш къастор.

Кхочушбечу барта а, йозанан а белхан план х1оттор.

Литературно-критически белхийн тезисаш, конспекташ.

Барта а, йозанан а тайп-тайпана сочиненеш. Царна йукъахь хир йу литературин материала тIехь йазйеш йерш а, дешархоша шайн тидамех, шайна зеделлачух лаьцна йазйеш йерш а.

Литературин материал тIехь йазйечу сочиненийн герггарчу хьесапехь долу тайпанаш:

– исбаьхьаллин произведенийн васташ къастош йолу сочиненеш;

– произведенийн тематика къастош йолу сочиненеш**;**

– исбаьхьаллин произведенин идейни чулацам билгалбоккхуш йолу сочиненеш;

– обзорни теми хьокъехь йолу сочиненеш;

– исбаьхьаллин произведенийн хорманех лаьцна йолу сочиненеш;

– исбаьхьаллин литературан произведени искусствон кхечу форманехь йолчу произведенех йустуш йолу сочиненеш;

– исбаьхьаллин произведенех кхолларалица пайдаоьцуш йазйеш йолу сочиненеш.

Дешархоша шайн тидамех, шайна зеделлачух, девзинчух лаьцна йайеш йолчу сочиненеш хила тарло шайн гIаланах, йуьртах, йуьртахойх лаьцна.Йукъараллин дахарх, Даймахках, халкъийн доттагIаллех лаьцна сочиненеш.

Шаьш цIахь йешначу книгашна рецензеш.

Шайна гинчу кинофильмашна, спектаклашна отзываш.

Литературин материал тIехь доклад, къамел кечдар (цхьаннах йа масех книгех пайдаоьцуш).

Интернет ресурсашкахь йолчу материалан барта мах хадор а, рецензи йазйар а.

Шаьш йешначу книгина, хьаьвсинчу кинофильмана, телепередачина, шайна гинчу спектаклана рецензи йазйар.

Шайн школин а, гIалин (йуьртан) а дахарх лаьцна къамел кечдар, доклад йазйар.

3. Дешаран-тематикин хьесап

Модуль «Ишколан урок»

Дешаран-тематикин хьесап хIоттийна, кхетош-кхиоран белхан программа тидаме а оьцуш. «Нохчийн литература» предметан кхетош-кхиоран хьелаша таро ло йуккъерчу йукъардешаран хьукматийн дешархой кхетош-кхиоран Iалашонаш кхочушйан а, дешаран процессехь белхан кепех, тайпанех пайдаэца а.

Кхетош-кхиоран Iалашонаш:

– гIиллакх-оьздангалла кхиор къоман гIиллакхийн, ламастийн мехалла йовзийтарца;

– шен Даймохк Iалашбаран ойла чIагIйар;

– къомана йукъахь сийлахь дерг сийлахь лоруш, сийсазчунна дуьхьал къийсам латторан кхетам кхиор;

– кхечу къаьмнашца доттагIаллин уьйраш латторан ойла кхиор;

– исбаьхьаллин дашца дахаре безам кхиор;

– къоман культура кхиоран Iалашо кхочушйан некъаш лахаран лаам кхиор.

ГIуллакх даран кепаш а, тайпанаш а:

– хьехархочун тIедахкарш а, декхарш а нийсачу агIор тIеэца а, урокехь толлучу хааршна а, шайн довзаран гIуллакх дар жигардаккхарна а церан тидам тIебахийта а аьтто беш йолу тешаме йукъаметтиг хьехархочун а, цуьнан дешархошна а йукъахь дIахIоттор;

– баккхийчаьрца а (хьехархошца), нийсархошца а (дешархошца) йолу йукъаметтиг а, ша вовшахтохаран а, дешаран низаман а принципаш а массара а цхьатерра тIеэцна долу низам а дешархошна урокехь лардан дагадаийтар;

– урокехь Iамочу хиламийн мехалчу аспектана дешархойн тидам тIебахийтар, урокехь оьцуш болчу йукъараллин чулацамечу хаамашца церан болх вовшахтохар – цуьнан таллар дIадолор, цу хьокъехь дешархоша шайн кхоллайелла ойла йийцар, цу хаамех лаьцна шайна хетарг алар;

– берашна жоьпаллин, адамаллин, собаре хиларан, патриотизман, адам дезаран, догдикаллин масалш гайтарца дешаран предметан чулацаман кхетош-кхиоран таронех пайдаэцар, царна йеша мегар йолу тексташ а, кхочушдан декхарш а, классехь талла проблемни хьелаш а къастош;

–урокехь дешархойн белхан интерактивни кепех пайдаэцар: дешархойн довзаран мотивацина дог доуьйтуш долчу интеллектуальни ловзарех, шайна урокехь Іамийначу хаарех пьеса хІоттош йолчу дидактически театрах; вовшех йозуш йолу диалог дІайахьаран хаарш карадерзо дешархошна таронаш луш йолчу дискуссех; кхечу берашца йуккъе зІе латторан а, куьйгаллин а болх бан дешархой Іамош болчу тобанашца йа шишшамма цхьаьна бечу балхах;

– берашна Іилма довза дог даийта а, классехь дикачу агІор адамаллин йукъаметтигаш кхолла а, урок йоьдучу хенахь дика йукъаметтиг дІахІотто а гІо деш долу ловзарш урокана йукъадалор;

– деша дог догІуш, дика хаарш долчу дешархоша ледара хаарш долчу нийсархошна т1ехь шефалла дар вовшахтохар, вовшашна гІо-накъосталла даран йукъараллин маьІне зеделлачух пайда а оьцуш;

– теоретически проблема шен лааме кхочушйаран, шен ойланаш кхолларан, уьш кечйаран, кхечу талламхоша биначу белхашца а, кхечеран идейшца а лераме хиларан, аудиторина хьалха паргІат къамел даран, аргументаш йалоран, шена хеташ долчун тІехь чекхваларан хаарш карадерзо дешархошна таро луш долу шаьш а, тобанашца а лехамийн проекташ кхочушйарехь дешархойн лехамийн гІуллакх дІадолор а, цу тІехь гІо дар а.

4.НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН ТЕМАТИКИН ПЛАНИРОВАНИ

11 КЛАСС (66 сахьт)

№ п/п	Программин дакъойн а, темийн а цIераш	Сахьтийн барам			Электронни дешаран ресурс
		Декъан сахьташ	Талламан белхаш	Кхоллараллин белхаш	
Дакъа 1. Довзийтар					
1.1.	XX -чу бIешеран хьалхарчу эхехь нохчийн литература кхиаран башхаллаш. XX -чу бIешеран шолг1ачу эхехь нохчийн литература кхиаран башхаллаш. XXI -чу бIешеран йуьххьехь нохчийн литература кхиар. Литературин родаш. Исбаьхьаллин васт (художественный образ). Сюжетах а, композициг а кхетамбалар. Драматурги	9	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**9**	**0**	**0**	
Дакъа 2. XX-чу бIешеран хьалхарчу эхехь нохчийн литература					
2.1.	**Исаева Мареман** дахар а, кхолларалла а. «Ирсан орам» романан дакъош а доьшуш, текста тIехь болх бар. Сийлахь-боккха Даймехкан тIеман хенахь къинхетаман коллективо тылехь бен болх гайтаран башхаллаш. Акаев Руслан а Васса а. Анна Васильевна а, кегийрхой а. Исаева Мареман кхоллараллин механлам. Драматически къовсамах кхетамбалар. Драма. Комеди	7	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/

2.2	**Айдамиров Абузаран** дахар а, кхолларалла а. «Йеха буьйсанаш» роман. Машаре шолгIа шо. Салтичун кхоллам. Сацам. Вежарий. Дакъош довзийтар. Исторически романах болу кхетам кIаргбар. Ромах болу кхетам кIаргбар. Повесть. Дийцар. Очерк. Рецензи.	5	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.3	**Ахматова Раисин** дахар а, кхолларалла а. «Хуур дац, кхолламо хIун кечдо вайна…», «Даймахке», «Нене», «Сан йурт» стихотворенеш. «Дагалецамийн новкъа» – автобиографически поэма. Цуьнан турпалхочун кхоллам Даймехкан, халкъан кхолламах къасталур боцуш бозабелла хилар. «Дагалецамийн новкъа» – автобиографически поэма. Поэмин тIехь къинхьегаман, безаман теманаш цхьаьнайогIуш къастор. Лиро-эпически жанрах кхетам балар **Сулейманов Ахьмадан** дахар а, кхолларалла а. Поэтан лирикехь къонахаллин, оьздангаллин тема. «Берд», «Дог дохден цIе» стихотворени. «Ламанан хьостанаш», «Батто сагатдо» стихотворенеш. Лирикех, лирически турпалхочух кхетамбалар. Поэтически маттах кхетамбалар	5 3	0 1	0 	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/ https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**20**	**1**	**1**	
Дакъа 3. ХХ-чу бIешеран шолгIачу эхехь нохчийн литература					
3.1	**Арсанукаев Шайхин** дахар а, кхолларалла а. КIорггера кхетам, оьзда лаамаш болу поэтан лирически турпалхо. «Весет», «Нагахь хьан гIо оьшуш» стихотворенеш. Цо дуьненах, дахарх йо ойланаш, адаман ирсехьа къийсам латто иза кийча хилар. «Нийсонна гимн» стихотворени. Поэтан говзаршкахь Даймехкан исбаьхьа суьрташ, Iаламан аьрха хазалла, ненан меттан беркат. «Гиний шуна?» стихотворени. «Дицдина илли», «Ненан мотт» стихотворенеш. «Кхолламан сизаш» стихашкахь роман. Даймехкан тIамехь бIаьхоша турпалаллица Даймохк мостагIчух 1алашбар романехь гайтаран башхаллаш. «Кхолламан сизаш» стихашкахь роман. Романехь тIеман а, тылан а суьрташ. Поэтически маттах кхетам балар	6	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
3.2	**Рашидов Шаидан** поэтически кхолларалла. Лирически турпалхочу халкъах, махках йолу ойланаш. «Баланах дуьзна дог» стихотворени. «Пондар боьлху» стихотворен. «Аружа» – исторически хиллачийн буха тIехь йазйина поэма. Махках даьккхинчу халкъо лайна баланаш, халонаш гайтаран башхаллаш.	4	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/

	«Аружа» – исторически хиллачийн буха тIехь йазйина поэма. Лирически турпалхочун халкъах, махках йолу ойланаш. Стихаш кхолларан кепаш				
3.3	**Гацаев СаьIидан** поэтически кхолларалла. Лирически турпалхочо заманех, дахарх йеш йолу ойланаш. «Йише Маржане», «Хаьий хьуна, Фирдоуси стихотворенеш. «Хатта хьайна Саадига», «Цкъа а дац ойла къуьйлуш» стихотворенеш. «Хийла нохчийн кIант», «БIаьсте хир йу- бIаьсте, бIаьсте!..» стихотворенеш. **Ахмадов Мусан** прозаически кхолларалла. «Нохчийн махкахь, нохчийн маттахь» стихотворени. «Зингатийн барз ма бохабелахь» повесть	2	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
3.4	**Дикаев Мохьмадан** дахар а, кхолларалла а. Поэтан шен Даймахках, ша схьаваьллачу халкъах дозалла даран ойла, патриотически синхаамаш, къоман хиндерг ирсе хила лаар – цуьнан кхолларалин коьрта чулацам. «Нохчийн хIусам» стихотворени. «Стегаг цIе» стихотворени. Дикаев Мохьмадан поэзехь йахь, къоман оьздангалла гайтаран башхаллаш. Цуьнан поэтически хатI. «Суна лаьа» стихотворени. Стихаш кхолларан кепаш. Эпитетах кхетам балар. **Бексултанов Мусан** прозаически кхолларалла. Къоман хиндерг халкъан ламасташ, гIиллакх-оьздангалла ларйарца дозаделла хилар говзаршкахь чIагIдар «Iаьржа бIаьрг», «Хьалхара парта» дийцарш. Турпалхойн амалш гайтаран, церан васташ колларан башхаллаш. «Корталин Хантоти» дийцар. Халкъан барта кхолларалица уьйр хилар	2 3	0 1	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/ https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
3.5	**Шайхиев Iалвадин** поэтически кхолларалла. Шайхиев Iалвадин стихашкахь поэтически сурт кхолларан башхаллаш. «Стаг велча, йуьртахь зударий боьлху», «Аса а ма лайна» стихотворенеш. «Дерачу кхолламан кхиэл» – стихашца йазйина повесть. Къоман гIиллакхаш а, оьзда безам а гайтар. «Дерачу кхолламан кхиэл» – стихашца йазйина повесть. Повестан маьIна а, исбаьхьаллин къастамаш а	4	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
3.6	**Алиев ГIапуран** дахар а, кхолларалла. «Къонахийн зама», «ХIун лозу хьан, Нохчийчоь?» стихотворенеш. «Къонахе», «ДоIа» стихотворенеш	2	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/

3.7	**Классал арахьара дешар**	1	0	0	
Дерриг:		**24**	**0**	**1**	
Дакъа 4. XXI-чу бIешеран хьалхарчу шерийн нохчийн литература					
4.1	**Ибрагимов Канта.** Роман «Берийн дуьне». Тема а, проблематика а, исбаьхьаллин башхаллаш.	2	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**2**	**0**	**0**	
Дакъа 5. Кхечу къаьмнийн литература					
5.1	**Александр Казбегин** Гуьржийн йаздархочун кхолларалле хаамаш. «Элиса» повестан коьрта чулацам. Элисин, Чербижан, Анзоран, Важийан васташ. **Кулиев Кайсын** «Хиндолчунна аьлла байташ» стихотворени. Кулиев Кайсын «ТIуьначу лаьттан цинц къуьйлу» стихотворени	2	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**5**	**1**	**0**	
Дакъа 6. ЖамIдаран таллар					
6.1	Сочинени	2	0	2	
6.2	Проект	1	0	1	
6.3	Тестировани	2	1	0	
6.4	Шеран стандартизированни контрольни болх	1	0	0	
Дерриг:		**5**	**2**	**3**	
Программица сахьтийн барам		**66**			

ПРИЛОЖЕНИЕ 1

К РАБОЧЕЙ ПРОГРАММЕ

УЧЕБНОГО ПРЕДМЕТА

«РОДНАЯ (ЧЕЧЕНСКАЯ) ЛИТЕРАТУРА»

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН ПОУРОЧНИ ПЛАНИРОВАНИ

(11 класс)

Нохчийн литературин тематикин поурочни планировани
11класс

3. Абдулкадырова Р.А., Мурадова З.И. 11-чу классана хрестомати.
4. Туркаев Х.В, Туркаева Р.А. 11-чу классана Іамат.

II. Нохчийн литературин Іаматашна методически хьехамаш.

Дешаран хьесапца цхьаьнадогІуш, нохчийн литература Іаморна леринчу сахьтийн барам:

Класс	Шарахь	К1иранах
11	66	2

Дешаран курсан дакъа	Кхиоран модуль «Ишколан урок»	Сахьтийн барам	Кхолларалли белхаш, тестировани
Кадыров А-Хь «Хьомсара Нохчийчоь!» стихотворени. Нохчийн литература ненан маттахь кхоллайалар	Хаарийн де	1	
XX б1ешеран хьалхарчу эхехь нохчийн литературин кхиаран башхаллаш	Нохчийн зудчун де. Дуьненайукъара ишколан книгаш йешархойн де	4	
XX б1ешеран шолг1ачу эхехь нохчийн литература кхиаран башхаллаш	Даймехкан турпалхойн де	4	
XX б1ешеран йуьххьехь нохчийн литература кхиар	Дуьненайукъара поэзин де. Байташ йешархойн къовсам «Исбаьхьаллин дош»	54	3
Дерриг		63	3

11 класс

№ п/п	Урокан тема	Сахьтийн барам			Терахь	Электронни дешаран ресурс
		Сахьт	ТБ	КБ		
	Довзийтар (5 с.)					
1.	ХХ-чу бIешеран хьалхарчу эхехь нохчийн литература кхиаран башхаллаш.	1	0	0	04.09	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
2.	ХХ-чу бIешеран шолгIачу эхехь нохчийн литература кхиаран башхаллаш.	1	0	0	07.09	www. urok95/ru.
3.	ХХI-чу бIешеран йуьххьехь нохчийн литература кхиар.	1	0	0	11.09	ps95.ru/dikdosham/
4.	Литературин родаш. Исбаьхьаллин васт (художественный образ). Сюжетах а, композициг а кхетамбалар.	1	0	0	14.09	https://desharkho.ru/
5.	Драматурги.	1	0	0	18. 09	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
	ХХ-чу бIешеран хьалхарчу эхехь нохчийн литература (18 с. + 1с.)					
6.	Исаева Мареман дахар а, кхолларалла а. «Ирсан орам» романан дакъош а доьшуш, текста тIехь болх бар. Воха мегар дац. Дог ца Iийна. Нанас йинарг хилла.	1	0	0	21. 09	www. urok95/ru.
7.	Исаева Марем. «Ирсан орам» роман. Доккха инзар. ДIадевлларш.	1	0	0	25. 09	ps95.ru/dikdosham/
8.	Исаева Марем. «Ирсан орам» роман. Дош-болат.	1	0	0	28. 09	https://desharkho.ru/

9.	Исаева Марем. «Ирсан орам» роман. Анна Васильевна а, кегийрхой а. Исаева Мареман кхолларалли мехалла.	1	0	0	02.10	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
10.	Исаева Марем. «Ирсан орам» роман. Сийлахь-боккха Даймехкан тIеман хенахь къинхетаман коллективо тылехь бен болх гайтаран башхаллаш.	1	0	0	05.10	www. urok95/ru.
11.	Исаева Марем. «Ирсан орам» роман. Драматически къовсамах кхетамбалар. Драма. Комеди.	1	0	0	07.10	ps95.ru/dikdosham/
12.	Айдамиров Абузаран дахар а, кхолларалла а. «Йеха буьйсанаш» роман. Нохчмахке.	1	0	0	16.10	ps95.ru/dikdosham/
13.	Айдамиров Абузар. «Йеха буьйсанаш» роман. Къастар.	1	0	0	19.10	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
14.	Айдамиров Абузар. «Йеха буьйсанаш» роман. БIе цхьолагIа буьйса.	1	0	0	23.10	www. urok95/ru.
15.	Айдамиров Абузар. «Йеха буьйсанаш» роман. ДанчIа.	1	0	0	26.10	ps95.ru/dikdosham/
16.	Айдамиров Абузар. «Йеха буьйсанаш» роман. Романах болу кхетам кIаргбар. Повесть. Дийцар. Очерк. Рецензи.	1	0	0	30.10	ps95.ru/dikdosham/
17.	«Йеха буьйсанаш» романехь халкъо шен парг1атонехьа латтийна къийсам. Сочинени йазйар.	1	0	1	02.11	ps95.ru/dikdosham/
18.	Ахматова Раисин дахар а, кхолларалла а. «Хуур дац, кхолламо хIун кечдо вайна…», «Даймахке» стихотворенеш.	1	0	0	06.11	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
19.	Ахматова Раиса. «Нене», «Сан йурт» стихотворенеш.	1	0	0	09.11	www. urok95/ru.
20.	Ахматова Раиса. «Дагалецамийн новкъа» – автобиографически поэма. Цуьнан турпалхочун кхоллам	1	0	0	13.11	ps95.ru/dikdosham/

	даймехкан, халкъан кхолламах къасталур боцуш бозабелла хилар.					
21.	Ахматова Раиса. «Дагалецамийн новкъа» – автобиографически поэма. Поэмин тIехь къинхьегаман, безаман теманаш цхьаьнайогIуш къастор. Лиро-эпически жанрах кхетам балар.	1	0	0	16.11	https://desharkho.ru/
22.	Сулейманов Ахьмадан дахар а, кхолларалла а. Поэтан лирикехь къонахаллин, оьздангаллин тема. «Берд», «Дог дохден цIе» стихотворенеш.	1	0	0	27.11	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
23.	Сулейманов Ахьмад. «Батто сагатдо» стихотворени. Лирикех, лирически турпалхочух кхетамбалар.	1	0	0	30.11	https://desharkho.ru/
24.	Сулейманов Ахьмад. «Ламанан хьостанаш» стихотворени. Поэтически маттах кхетамбалар.	1	0	0	04.12	www. urok95/ru.
	XX-чу бIешеран шолгIачу эхехь нохчийн литература (30 с. + 3 с.)					
25.	Арсанукаев Шайхин дахар а, кхолларалла а. КIорггера кхетам, оьзда лаамаш болу поэтан лирически турпалхо.	1	0	0	07.12	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
26.	Арсанукаев Шайхи. «Весет», «Нагахь хьан гIо оьшуш» стихотворенеш.	1	0	0	11.12	ps95.ru/dikdosham/
27.	Арсанукаев Шайхи. «Нийсонна гимн» стихотворени. Цо дуьненах, дахарх йо ойланаш, адаман ирсехьа къийсам латто иза кийча хилар.	1	0	0	14.12	https://desharkho.ru/
28.	Арсанукаев Шайхи. «Ненан мотт», «Мохкбегор», «Дицдина илли» стихотворенеш. Поэтан говзаршкахь Даймехкан	1	0	0	18.12	www. urok95/ru.

	исбаьхьа суьрташ, Іаламан аьрха хазалла, ненан меттан беркат.					
29.	Арсанукаев Шайхи. «Кхолламан сизаш» стихашкахь роман. Даймехкан тІамехь бІаьхоша турпалаллица даймохк мостагІчух Іалашбар романехь гайтаран башхаллаш.	1	0	0	21.12	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
30.	Арсанукаев Шайхи. «Кхолламан сизаш» стихашкахь роман. Романехь тІеман а, тылан а суьрташ. Поэтически маттах кхетам балар.	1	0	0	25. 12	ps95.ru/dikdosham/
31.	Тест №1 **1амийнарг карладаккхар, т1ечІаг1дар.**	1	1	0	28. 12	ps95.ru/dikdosham/
32.	Рашидов Шаидан поэтически кхолларалла. «Баланах дуьзна дог» стихотворени. Лирически турпалхочу халкъах, махках йолу ойланаш.	1	0	0	30. 12	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
33.	Рашидов Шаид. «Пондар боьлху» стихотворени.	1	0	0	11. 01	https://desharkho.ru/
34.	Рашидов Шаид. «Аружа» – исторически хиллачийн буха тІехь йазйина поэма. Махкахдаьккхинчу халкъо лайна баланаш, халонаш гайтаран башхаллаш.	1	0	0	15. 01	https://desharkho.ru/
35.	Рашидов Шаид. «Аружа» – исторически хиллачийн буха тІехь йазйина поэма. Лирически турпалхочун халкъах, махках йолу ойланаш. Стихаш кхолларан кепаш.	1	0	0	18. 01	www. urok95/ru.
36.	Сочинени «Шах1ид Рашидовн поэмехь махкахдаьккхинчу халкъо лайна баланаш, халонаш».	1	0	1	22. 01	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
37.	Гацаев СаьІидан поэтически кхолларалла. Лирически турпалхочо заманех, дахарх йеш йолу ойланаш. «Йише Маржане», «Хаьий хьуна, Фирдоуси» стихотворенеш.	1	0	0	25.01	ps95.ru/dikdosham/

38.	Гацаев СаьIид. «Хатта хьайна Саадига», «Цкъа а дац ойла къуьйлуш» стихотворенеш.	1	0	0	29.01	https://desharkho.ru/
39.	Гацаев Саь1ид. «Хийла нохчийн кIант», «БIаьсте хир йу-бIаьсте, бIаьсте!..» стихотворенеш.	1	0	0	01. 02	www. urok95/ru.
40.	Ахмадов Мусан прозаически кхолларалла. «Нохчийн махкахь, нохчийн маттахь» стихотворени.	1	0	0	05. 02	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
41.	Ахмадов Муса. «Зингатийн барз ма бохабелахь» повесть	1	0	0	08. 02	ps95.ru/dikdosham/
42.	Дикаев Мохьмадан дахар а, кхолларалла а. «Стеган цIе» стихотворени	1	0	0	12. 02	https://desharkho.ru/
43.	Дикаев Мохьмад. «Нохчийн хIусам» стихотворени	1	0	0	15. 02	www. urok95/ru.
44.	Дикаев Мохьмад. «Суна лаьа» стихотворени.	1	0	0	26. 02	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
45.	Дикаев Мохьмадан поэзехь йахь, къоман оьздангалла гайтаран башхаллаш. Цуьнан поэтически хатI. Стихаш кхолларан кепаш. Эпитетах кхетам балар.	1	0	0	29. 02	ps95.ru/dikdosham/
46.	***Классал арахьара дешар.*** Апти Бисултановн поэзи.	1	0	0	04. 03	ps95.ru/dikdosham/
47.	Бексултанов Мусан прозаически кхолларалла. Къоман хиндерг халкъан ламасташ, гIиллакх-оьздангалла ларйарца дозаделла хилар говзаршкахь чIагIдар. «Iаьржа бIаьрг», «Хьалхара парта» дийцарш.	1	0	0	07. 03	https://desharkho.ru/
48.	Бексултанов Муса. Турпалхойн амалш гайтаран, церан васташ колларан башхаллаш. «Корталин Хантоти» дийцар.	1	0	0	11.03	www. urok95/ru.
49.	Бексултанов Муса. «Корталин Хантоти» дийцар. Халкъан барта кхолларалица уьйр хилар.	1	0	0	14. 03	ps95.ru/dikdosham/

50.	Проект.	1	0	1	18. 03	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
51.	Шайхиев Іалвадин поэтически кхолларалла.	1	0	0	21. 03	https://desharkho.ru/ www. urok95/ru.
52.	Шайхиев Іалвадин стихашкахь поэтически сурт кхолларан. башхаллаш. «Стаг велча, йуьртахь зударий боьлху», «Аса а ма лайна» стихотворенеш.	1	0	0	25. 03	https://desharkho.ru/
53.	Шайхиев Іалвади. «Дерачу кхолламан кхиэл» – стихашца йазйина повесть. Къоман г1иллакхаш а, оьзда безам а гайтар.	1	0	0	28. 03	www. urok95/ru.
54.	Шайхиев Іалвади. «Дерачу кхолламан кхиэл» – стихашца йазйина повесть. Повестан маьІна а, исбаьхьаллин къастамаш а.	1	0	0	01 .04	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
55.	***Классал арахьара дешар***. Гайтукаева Бана «Б1аьргашна б1аьрзе хила».	1	0	0	04. 04	ps95.ru/dikdosham/
56.	Алиев ГІапуран дахар а, кхолларалла. «Къонахийн зама», «ХІун лозу хьан, Нохчийчоь?» стихотворенеш.	1	0	0	15. 04	ps95.ru/dikdosham/
57.	Алиев ГІапуран «Къонахе», «ДоІа» стихотворенеш.	1	0	0	18. 05	https://desharkho.ru/
	XXI бІешо долалучу муьран литература (3 с.)					
58.	Ибрагимов Канта. Дахар а, кхолларалла а.	1	0	0	22. 04	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
59.	Ибрагимов Канта. «Берийн дуьне» роман.	1	0	0	25. 04	www. urok95/ru.

60.	Ибрагимов Канта. «Берийн дуьне» роман. Тема а, проблематика а, исбаьхьаллин башхаллаш.	1	0	0	29.04	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
	Кхечу къаьмнийн литература (5 с. + 1 с.)					
61.	Гуьржийн йаздархочун Александр Казбегин кхолларалле хаамаш.	1	0	0	02. 05	https://desharkho.ru/
62.	Александр Казбеги. «Элиса» повестан коьрта чулацам.	1	0	0	06.05	ps95.ru/dikdosham/
63.	Александр Казбегин. Элисин, Чербижан, Анзоран, Важиян васташ.	1	0	0	13.05	https://desharkho.ru/
64.	Шеран талламан болх. Тест №2.	1	1	0	16.05	www. urok95/ru.
65.	Кулиев Кайсын «Хиндолчунна аьлла байташ» стихотворени.	1	0	0	20.05	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
66.	Кулиев Кайсын «ТIуьначу лаьттан цинц къуьйлу» стихотворени. ЖамIдаран урок.	1	0	0	23. 05	ps95.ru/dikdosham/
		66				

ПРИЛОЖЕНИЕ 2

К РАБОЧЕЙ ПРОГРАММЕ

УЧЕБНОГО ПРЕДМЕТА

«РОДНАЯ (ЧЕЧЕНСКАЯ) ЛИТЕРАТУРА»

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН МАХ ХАДОРАН Г1ИРСИЙ ФОНД

(11 класс)

XI классан дешархойн барта хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу некъ:

1.Дешархойн барта хаарийн мах хадоран критериш.

1. Дуьззина а, нийса а жоп далар.
2. Хаарийн кхетаман барам хилар.
3. Нохчийн литературин меттан норманаш ларйеш жоп далар.

«5» дуьллу:
1амийна материал, кхета а кхеташ, йуьззина схьайийцахь; материалах пайдаэца хаахь, шен масалш далош; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йийца хаахь.

«4» дуьллу:
1амийна материал, кхета а кхеташ, йуьззина схьайийцахь; шен масалш далош, материалах пайда оьцучу хенахь, цхьа-ши г1алат далийтахь, йуха ша уьш нис а деш; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетаме, вовшашца йозушший йуьйцучу хенахь ши-кхо кхачамбацарш хилахь.

«3» дуьллу:
1амийна материал, г1алаташ деш, йуьззина схьа ца йийцахь; материалах пайда оьцучу хенахь, шен масалш ца даладахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетаме, вовшашца йозушший йуьйцуш ца хилахь.

«2» дуьллу:
1амийначу материалан коьрта чулацам ца хаахь; материалах пайдаэца ца хаахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетаме, вовшашца йозушший йуьйцучу хенахь г1алаташ дийлийтахь.

Дешархочун балха т1ехь г1алат лара деза, барта луш долу жоп муьлхха а бакъо талхош хилахь. Дешархочун балхана «5», «4», «3» дуьллу, нагахь санна урокан йохаллехь барта жоьпаш луш, жигара дакъа а лаьцнехь, цуьнан балхана таллам бича, бакъонех пайдаэца хиънехь.

II. Сочиненин мах хадор

Сочинени йазйар дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш (форманаш) йу.

Сочинени йазйар д1ахьо «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан т1едахкаршца дог1уш.

Сочинени йазйарехь толлу:

1) билгалйина тема схьайелла хаар;
2) темица а, хьесапца а дог1уш меттан г1ирсех пайдаэца хаар;
3) меттан барам а, нийсайаздаран бакъонаш а ларйар.

Сочиненин мах хадабо шина оценкица: хьалхарниг чулацамна а, меттан говзаллина а; шолг1аниг-нийсайаздарна а, сацаран хьаьркаш йахкарна а, дешнаш маь1ница нийса далорна а.

Сочиненин чулацаман мах хадабо кху бакъонашна т1едоьг1на:

1) болх темица бог1уш бу йа бац;
2) тема кхачо йоллуш схьайиллина йу йа йац;
3) чулацаман хиламийн рог1алла нийса йу йа йац;
4) меттан исбаьхьаллин басарех пайдаэцна йа ца эцна;
5) къамелан кхачамбацарш ду йа дац.

Нийсайаздаран мах хадабо дешархочо динчу нийсайаздаран, сацаран хьаьркаш йахкаран, грамматически г1алаташка хьаьжжина. Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетамца-кхиоран, 1аморан маь1на долуш а хила йеза.

Сочиненин мах хадоран хьесап

5-11классашкахь йазйечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:
5 классехь-0,5 йа 1,0 аг1о;
6 классехь-1,0 йа 1,5 аг1о;
7 классехь-1,5 йа 2 аг1о;
8 классехь-2 йа 3 аг1о;
9 классехь-3 йа 4 аг1о;
10 классехь- 4 йа 5 аг1о
11классехь – 4 -5 а1о

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаадеза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:

1) дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;
2) сочиненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар.

1. **«5»** дуьллу:
а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;
аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин йа пунктуацин г1алат хилахь.
2. **«4»** дуьллу:
а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;
аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.
3. **«3»** дуьллу:
а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь пхеаннал-йалханнал сов г1алат дацахь;
аь) пхеаннал сов орфографин а, йалханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.
4. **«2»** дуьллу:
а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;
аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна юкъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

Сочиненина ши оценка йуьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.

Нохчийн литературин мах хадоран г1ирсийн фонд
(11 класс)

Рог1алла	Предметан таллам бен дакъа	Мах хадоран г1ирсан ц1е
1	Айдамиров А. «Йеха буьйсанаш» роман	«Йеха буьйсанаш» романехь къинхьегаман халкъийн векалийн васташ» **сочинени**
2.	1амийнарг т1еч1аг1дар, карладаккхар.	Тест №1
3.	Сочинени «Шах1ид Рашидовн поэмехь махкахдаьккхинчу халкъо лайна баланаш, халонаш».	«Аружа» поэмин бух т1ехь **сочинени**
4.	1амийнарг т1еч1аг1дар.	Тест №2.

Тест № 1

1.Вайн шовданаша, йарташа, ирзушка, гунаша, лаьмнаша, 1аннаша, даккъаша, боьраша х1ун боху хьоьжуш,уьш толлуш,Даймехкан паспорт де шву ша , бохуш, топономи йазйинарг ву:

1.Мамакаев Мохьмад;

2.Сулейманов Ахьмад;

3.Айдамиров Абузар;

4.Ошаев Халид.

2. Произведенин жанраш къастайе (повесть,поэма,…):

1. «Маца девза доттаг1алла» _____

2. «Александр Чеченский» _____

3. «Кхетаме Хьамид» _____

4. «Нохчийн лаьмнашкахь» _____

5. «Бож-1ела» _____

1. **Лойша суна шийла шовда,**
Амма ц1ена шовда ло!
Адмийн дегнаш, чуьра мекха
Д1айаьккхина, ц1андийр ду.

Х1окху байтан автор ву: 1.Сулейманов Ахьмад;

2.Нажаев Ахьмад; 3.Айсханов Шамсуддин;
4.Бадуев Саь1ид-Салихь.

4. «Йеха буьйсанаш» романехь оьрсийн эскарехь эпсар лаьттина турпалхо:

1.Аьрзу;

2.Маккхал;

3.Хорт1а;
4.Берса.

5. «Цу вайн раьг1нашкахь цхьа сурт ду х1уттуш, дарц дала кечделлачу хенахь (дукха хьолахь 1а дулучу муьрашкахь): мох а болий, аьрцнаш уг1а дуьйлало, берзалой санна…»
Х1окху дешнийн автор ву:
1.Хамидов 1абдул-Хьамид;

2.Сулейманов Ахьмад;

3.Гадаев Мохьмад-Салахь;
4.Бадуев Саь1ид-Салихь.

6. Цхьана шарахь дуьнен т1е а бевлла,цхьана шарахь дуьнен т1ера д1а а бевлла йаздархой билгалбаха:
1.Арсанов Саь1ид-Бей, 3.Ошаев Халид,
Мамакаев Мохьмад; Исаева Марьям;
2.Ахматова Раиса, 4.Арсанукаев Шайхи,
Гацаев Саь1ид; Рашидов Шаид.

7.Х1ара турпалхой шайн-шайн произведенешка нисбе.

1. Аружа _____ «Зеламха».

2. Арсби _____ «Нохчийн лаьмнашкахь».

3.Селехьат _____ «Бож-1ела».

4. З1ока _____ «Маца девза доттаг1алла».

5. Майма _____ «Сийлаха».

8. «Наггахь, сайн сагатделча», «1аьржа б1аьрг», «Хьалхара Парта» произведенийн автор ву:

1.Айдамиров Абузар; 3.Мамакаев Мохьмад;
2.Бексултанов Муса; 4.Ахмадов Муса.

9. «Мохьмад-Салахь санна верг эзар шарахь цхьаъ бен ца вог1у х1окху Лаьтта т1е. Мохьмад-Салахь кеста вог1ур вац. Г1еххьа заманаш оьшу иштта цхьа Мохьиад-Салахь кхолла». Х1окху дешнийн автор ву:

1.Саидов Билал; 2.Сулаев Мохьмад;
3.Сулейманов Ахьмад; 4.Ахмадов Муса.

10. ***Аьрзу, Васал, 1аьлбаг.***

Х1ара турпалхой лахарчу произведени т1ера бу:

1. «Лийрбоцурш»; 3. «Лаьмнаш ца дицдо»;
2. «Еха буьйсанаш»; 4. «Маца девза доттаг1алла».

11. Нохчийн поэтессин Ахматова Раисин автобиографически поэмин ц1е ю:

1. «Даймахке сатийсар»; 3. «Ненаца дина къамел»;

2. «Дагалецамаш»; 4. «Дагалецамийн новкъа».

12. Айдамиров Абузаран *«Йеха буьйсанаш»* романехь нохчийн халкъо муьлхачу б1ешарахь паччхьан 1едалан коллониальни политикина дуьхьал латтийна къийсам гойту?

1.XIX б1ешарахь; 3.XVIII б1ешарахь;
2.XXI б1ешарахь; 4.XX б1ешарахь.

13. «Даймахке сатийсар»,»Ц1ен Берд»,»Дарта».

Х1окху стихотворенийн автор ву:

1.Сулейманов Ахьмад; 2.Гадаев Мохьмад;

3. Айсханов Шамсудди; 4.Бадуев Саь1ид-Салахь.

14.Йаздархо,поэт,1илманча ваьхна 1909-1972 шерашкахь.Дуьнен т1ехь ваха доьг1на хиллачу 63 шарах 30 шо гергга набахтешкахь текхна цо. Мила ву и:

1.Ошаев Халид; 2.Арсанов Саь1ид-Бей;

3.Мамакаев Мохьмад; 4.Гадаев Мохьмад-Салахь.

15.исбаьхьаллин произведени т1ехь адамийн амалш а,дахар а гайтаран кепах олу:

1.метафора; 2. Дустар;

3.персонаж; 4. Васт.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15		«5»	«4»	«3»	«2»
2		1	4	3	3		2	3	2	4	1	2	4	4		13-15	10-12	7-9	1-6

Дог1а

2. 1.«Маца девза доттаг1алла» - роман.
2.«Александр Чеченский» - повесть.
3.«Кхетаме Хьамид» - дийцар.
4.«Нохчийн лаьмнашкахь» - поэма.
5.«Бож-1ела» - комеди.

7. 1.Аружа – «Сийлаха».
2.Арсби – «Маца девза доттаг1алла».
3. Селехьат – «Нохчийн лаьмнашкахь».
4. З1ока – «Зеламха».
5. Майма – «Бож-1ела».

Тест № 2

1.Исбаьхьаллин произведенешкахь адамийн амалш а, дахар а гайтаран кеп йу:
1.автограф; 3.жанр;
2.васт; 4.тема.

2.Мохьмад-Салахь санна верг эзар шарахь цхьаъ бен ца вог1у х1окху Лаьтта т1е. Мохьмад-Салахь кеста вог1ур вац. Г1еххьа заманаш оьшу иштта цхьа Мохьмад-Салахь кхолла».
Х1окху дешнийн автор ву:
1.Саидов Билал; 3.Сулейманов Ахьмад; 2.Сулаев Мохьмад; 4.Ахмадов Муса.

3.Нохчийн поэзехь дуьххьара г1улчаш йаха волавелла:
1.Саидов Билал; 3.Мамакаев 1аьрби;
2.Ошаев Халид; 4.Дудаев 1абди.

4.Нохчийн дуьххьарлера прозаик ву:
1.Дудаев 1абди; 3.Сальмурзаев Мохьмад; 2.Ошаев Халид; 4.Нажаев Ахьмад.

5.Нохчийн литературехь халкъан иэсана ч1ог1а т1е1аткъам бина йолу роман йу:
1. «Йеха буьйсанаш»; 3. «Товсолта ломара д1авоьду»;

2. «Дарц»; 4. «Зеламха».

6. *«Ирсан орам»* ц1е йолчу романан коьрта турпалхой бу:
1. Акаев Руслан, Васса; 2. Сийлаха, Ибрах1им;

3.Зовра, Заби1ат; 4. Зеламха, Биди.

7. *«Зеламха»* ц1е йолчу романехь дов доладелира:

1.ахча къеввсина; 2.зезаг къевсина;

3.латта къевсина; 4.дош-даше даларна.

8. Х1ара турпалхой шайн-шайн произведенешка нисбе.

1.Васал _____ «Лаьмнел лекха».

2.Алымкхан _____ «1аьржа б1аьрг».
3.Жеми1ат _____ «Дерачу кхолламан кхел».

4.Резет _____ «Аружа».
5.Г1ойсум _____ «Йеха буьйсанаш».

9.Дахарера г1уллакхаш гойтуш,билггалволчу стагах дуьйцуш йолу жима эпически произведени йу:

1.очерк; 3.поэма;
2.дийцар; 4.новелла.

10.Произведенин жанраш къастайе (повесть, поэма, …):
1.«Йеха буьйсанаш» _____

2. «Аружа» _____

3. «1аьржа б1аьрг» _____
4. «Батто сагатдо» _____

5. «Зингаттийн барз а ма бохабелаш» _____

11. *«Даймохк»* ц1е а йолуш, нохчийн дуьххьарлера газет арадаьлла:

1. 23.02.1923; 3.15.06.1934;
2.18.03.1925; 4.12.08.1990.

12.Халъан барта кхолларалла толлуш волчу 1илманчех олу:

1.фольклорист; 2.1илманча;
3.яздархо; 4.талламхо.

13.Мамакаев Мохьмадан «Ц1ий хуьйдина лаьмнаш» поэма зорбанера арайаьлла:

1.1936 шарахь;

2.1928 шарахь;

3.1930 шарахь;
4.1924 шарахь.

14.Нохчийн литературехь дуьххьара поэма йазйинарг ву:
1.Дудаев 1абди; 2.Мамакаев Мохьмад;

3.Сулаев Мохьмад; 4.Саидов Билал.

15.Произведени д1айолалуш далийначу, цуьнан коьрта маь1на шайца гучудолучу говзачу дешнех … олу: 1.долор;
2.кица;
3.эпиграф; 4.эпитет.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15		«5»	«4»	«3»	«2»
2	**3**	**4**	**3**	**1**	**1**	**2**	**-**	**1**	**-**	**4**	**1**	**2**	**2**	**3**		**13-15**	**10-12**	**7-9**	**1-6**

Дог1а

8.1.Васал – «Йеха буьйсанаш».
2.Резет – «1аьржа б1аьрг».

3.Жеми1ат – «Дерачу кхолламан кхел».
4.Алымкхан – «Аружа».
5.Г1ойсум – «Лаьмнел а лекха».

10. 1. «Йеха буьйсанаш» - роман.
2. «Аружа» - поэма.

3. «1аьржа б1аьрг» - дийцар.
4. «Батто сагатдо» - стихотворени.
5. «Зингатийн барз а ма бохабелаш» - повесть.

Хьехаран-методикин латтор

Хьехаран-методикин гIо-Iамат

1. Абдулкадырова Р.А., Мурадова З.И. 11-чу классана хрестомати.
2. Туркаев Х.В, Туркаева Р.А. 11-чу классана Iамат.

II. Нохчийн литературин Iаматашна методически хьехамаш.

Iилманан литература

Арсанукаев А.М. Язык, литература, школа. – Грозный, 20I0. – 3I5 с.
Джамбеков О.А. Жанровые и поэтические особенности чеченских героико-исторических песен илли. – Майкоп, 2008. – 230 с.
Джамбекова Т.Б. Фольклор как источник чеченской прозы XX в. – Майкоп, 20I0. – 236 с.
Ибрагимов Л.М. Этноментальные основы чеченской прозы. – Грозный, 20I2. – I67 с.
Туркаев Х.В. Жажда неутоленная. – М.: Молодая гвардия, 2007. – 3I2 с.
Туркаев Х.В. О путях развития чеченской литературы. – Грозный: Чеч.-Инг. Книжное изд-во, I973. – I62 с.
Туркаев Х.В. Путь к художественной правде (Становление реализма в чеченской и ингушской литературах). – Грозный, I987. – 240 с.

Юсупова Х.В. Жанр повести в чеченской и ингушской литературах: становлении и развитие (20-30-е гг.). – М., 2000. – 2I5 с.

Методикин литература

Айдамирова М.А. Музейная деятельность по приобщению подрастающего поколения к культурно-историческому наследию. Учебное пособие. – Грозный, 20I8.
Арсанукаев А.М. Школехь исбаьхьаллин произведени таллар (Анализ художественного произведения в школе). – Грозный, 20I8.
Арсанукаев А. Нохчийн литература хьехаран методика (Методика преподавания чеченской литературы). – Грозный, I987. – I88 с.
Джамбеков О.А. Устное народное творчество. Учебное пособие для учащихся школ и студентов. – Грозный, 20I8.
Джамбеков О.А. Устное народное творчество чеченского народа. Учебное пособие для учащихся школ и студентов. – Грозный, 20I7.

Дошамаш, справочникаш

Арсанукаев А.М. Нохчийн яздархой. Библиографин довзийтар (Чеченские писатели. Биографические и библиографические сведения). В 2-х т. – Грозный, 20I2.
Арсанукаев А.М. Нохчийн литературин Іилманан терминийн лугІат (Словарь литературоведческих терминов). – Грозный, 20I0.
Вагапов А.Д. Школьный орфографический словарь чеченского языка. – Грозный, 2020.
Ибрагимов Л. Толковый словарь чеченских фразеологизмов. – Грозный, 2005. – I28 с.
Ибрагимов Л. Словарь символов чеченской культуры. / Вестник Академии наук чеченской Республики. – Грозный, 20I0. №I. С. I6I-I67.
Кусаев А. Чеченские писатели. – Грозный, 2005. – 408 с.

Хаамийн-ресурсийн латтор

www. desharkho.ru – Чеченская электронная школа.
ps95.ru/dikdosham/ - Чеченско-русский, русско-чеченский онлайн-словарь.
www. urok95/ru.

Йуххедиллар

Урокашна арахьарчу мероприятийн рекомендаци йина ларам
«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешаран» предметан чулацаман хьесап а деш, урокашна арахьарчу гІулакхаллина лерина сахьташ билгалдоху дешаран вовшахтохараллица. Карарчу программо тидаме оьцу дешархойн урокашна арахьара гІуллакхалла. «Ненан меттан (нохчийн) литературин» предметан чулацамца доьзна урокашна арахьара гІуллакхалла кхочушдан лерина йу Нохчийн Республикин йуьхьанцарчу классийн дешархойн амале хьаьжжана а, къоман а, этнокультурин а башхаллашка хьаьжжана. Урокашна арахьарчу гІуллакхалла хьажийна ду дешархойн культурин-кхолларалли гІуллакхалла, церан синъоьздангалла кхио а, оьздангаллин нийса харжам бан похІма кхио.